ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩІКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№180 (22.588) ● 2013 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 17, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# Къанокъуэ Арсен пщІэ зиІэ унафэщІхэм ящыщщ

● Рейтинг

**Къэралым и эксперт гупхэм я пашэхэм пщІэшхуэ хуащІащ Къанокъуэ Арсен и лэжьэкІэм.**

АБЫХЭМ къызэралъытамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм зэфІэкІышхуэ бгъэдэлъщ. Абы щыхьэт тохъуэ УФ-м и субъектхэм я Іэтащхьэхэм я рейтингыу Политикэ, экономикэ коммуникацэхэмкІэ агентствэм шыщхьэуІу мазэм зэхилъхьар. Абы ипкъ иткІэ Къанокъуэ Арсен япэм иІыгъа 54-нэ увыпІэм щежьэу 31-нэ увыпІэм нэсу дэкІуэтеяуэ къалъытащ.

Рейтингым щІыгъу тхыгъэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, Урысейм и губернаторхэу нэхъ зэфІэкІ зиІэхэм яІыгъ увыпІэр яубзыху экспертхэм къызэралъытам ипкъ иткІэ. 2013 гъэм и шыщхьэуІу мазэм ирагъэкІуэкІа къэпщытэныгъэм эксперту 10 хэтащ, я ІэщІагъэкІэ политологыу, политтехнологыу, медиаэксперту, журналисту.

*КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.*

**Республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и Президиумым и зи чэзу зэІущІэр иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым и япэ къуэдзэ Жаным Руслан. Абы щытепсэлъыхьащ Іуэху зэмылІэужьыгъуэу 20-м щІигъум.**

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

## Зэуэ сабиищ зыгъуэтхэм ират ахъшэм хущІагъунущ

ЗЭІУЩІЭМ и пэщІэдзэм депутатхэр зэгурыІуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІущІэр щызэхыхьэну пІалъэмкІэ. Ар 2013 гъэм фокІадэм и 26-м ирагъэкІуэкІынущ.

ПромышленностымкІэ, гъуэгу хозяйствэмкІэ, транспортымрэ связымкІэ комитетым и унафэщІ **КъуэщІысокъуэ Юрэ** депутатхэм я пащхьэ кърилъхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и автомобиль гъуэгухэмрэ гъуэгу лэжьыгъэхэр зэрырагъэкІуэкІымрэ я ІуэхукІэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ законопроектыр. Ар ягъэхьэзыращ щІыналъэ, щІыпІэ мыхьэнэ зиІэ автомобиль гъуэгухэр пІалъэкІэ щІызэхуащІ е абыхэм щызекІуэ транспортыр щІагъэмащІэ щхьэусыгъуэ пыухыкІахэр яубзыхун мурадкІэ. Апхуэдэ щхьэусыгъуэхэм ящыщщ гъуэгухэм щызекІуэ транспортыр нэхъыбэ щІыным теухуа лэжьыгъэхэр зэрырагъэкІуэкІынур, автомобиль гъуэгухэм къедза щІыналъэхэм, гъуэгу напщІэхэм хиубыдэу щыІэ коммуникацэ зэмылІэужьыгъуэхэр егъэфІэкІуэныр е ахэр зэгъэпэщыжыныр, цІыху куэд зыхэт утыку Іуэхухэр къызэрызэрагъэпэщыр. Апхуэдэу законопроектым къыщалъытащ щІыуэпсым и къэхъукъащІэхэм е техникэр къагъэсэбэпыным къыдэкІуа къызэрымыкІуэ щытыкІэхэр къэхъункІэ зэрыхъунур.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм энергиер къыщыдэгъэхуэнымрэ энергиер къызэрагъэсэбэпым къыпэкІуэ сэбэпынагъым хэгъэхъуэнымрэ я ІуэхукІэ» КъБР-м и законым и проектыр къыщыхилъхьэм Ухуэныгъэмкlэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ комитетым и унафэщІ **Гриневич Валерэ** жиІащ энергиер зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпынымрэ абы къыпэкІуэ фейдэм хэгъэхъуэнымрэ яхуэгъэза муниципальнэ программэхэр ди республикэм щыдаІыгъыну, хьэпшыпхэмрэ Іуэху-тхьэбзэхэмрэ я рынокым зыщрагъэужьыну зэрамурадыр.

ЛэжьыгъэмкІэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэнымкІэ комитетым и унафэщІ **Жанатаев Сэлим** зэрыжиІамкІэ «Унагъуэр, анэр, адэр, сабийр хъумэным и ІуэхукІэ» КъБР-м и Законым халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен къызэригъэувам тету ягъэхьэзыращ. Абы ипкъ иткІэ зэуэ сабиищ е нэхъыбэ зыгъуэт анэхэм дэтхэнэ сабийми хуэзэу сом мин 50-кІэ ядэІэпыкъунущ. Ар дэІэпыкъуныгъэ хъарзынэ хъунущ бын куэд зиІэ унагъуэхэм я дежкІэ.

Президиумым и зэІущІэм апхуэдэу щыхэплъащ «2014 гъэм КъБР-м щат социальнэ пенсэм хущІагъунур яубзыхун папщІэ пенсионерыр нэхъ мащІэ дыдэу зыхэпсэукІыфыну ахъшэр зыхуэдизыр гъэувыным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектым. Жанатаев Сэлим депутатхэр щыгъуазэ ищІащ а законопроектым республикэм и Парламентыр 2013 гъэм жэпуэгъуэм и 1-р къэмыс щІыкІэ тепсэлъыхьын зэрыхуейм. Абы и щхьэусыгъуэр ди щІыналъэм щыщ пенсионерыр псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ахъшэр зыхуэдизымкІэ УФ-м и Пенсэ фондым щэкІуэгъуэм и 1-м фІэмыкІыу хъыбар ирагъэщІэн зэрыхуейрщ, абы пенсэхэм щІагъуну ахъшэр къиутІыпщын папщІэ. Апхуэдэ мардэ щыщІэгъэбыдащ «Урысей Федерацэм щыпсэун папщІэ цІыхур нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ахъшэр зыхуэдизым и ІуэхукІэ» УФ-м и Законым.

Президиумым хэтхэр хэплъащ «Къэббалъкъальпинист», «Чайка» санаторэ», «Вольфрам» пансионат», «Водогрязелечебница» акционер зэгухьэныгъэ зэІухахэм, «Налшык» хьэщІэщым и унэмрэ абы и пщІантІэмрэ я акцэхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум хиубыдэхэр приватизацэ щІынымкІэ арэзы хъун папщІэ КъБР-м и Правительствэм республикэм и Парламентым зэрызыкъыхуигъэзам. Экономикэ политикэмкІэ, мылъкумрэ хьэрычэт ІуэхумкІэ комитетым и унафэщІ **Мэремыкъуэ Сэфарбий** зэІущІэм зэрыщыжиІамкІэ, а ІуэхущІапІэхэм къэрал Іуэхухэр зегъэкІуэным е республикэ бюджетым и хэхъуэхэр къызэгъэпэщыным хуэгъэза лэжьыгъэ ирагъэкІуэкІыркъым. А псоми къадэкІуэу ахэр хагъэхьащ КъБР-м и къэрал мылъкур 2013 гъэм приватизацэ щІынымкІэ зэфІагъэкІыну зыщыгугъ планыр.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ УФ-м и нэгъуэщІ субъектхэм я парламентархэм законхэр къыдэгъэкІыным хуэунэтІауэ къыхалъхьа жэрдэм щхьэхуэхэм. Апхуэдэу депутатхэм унафэ къащтащ Къущхьэ Мухьэжид Сэхьид и къуэм - Зэуэм, лэжьыгъэм, ІэщэкІэ зэщІэузэда къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и пресс-ІуэхущІапІэм и унафэщІым - КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъыр етыным теухуауэ.

**БАТЫР Любэ,**
*КъБР-м и Парламентым и пресс-ІуэхущІапІэм и унафэщІ.*

## Путин Владимир Америкэм и цІыхубэм яхуэгъэзауэ: «Дэ псори Тхьэм дызэхуэдэу дыкъигъэщІащ»

**Урысей Федерацэм и Президентым «Нью-Йорк таймс» газетым тхыгъэ къытригъэдзащ, Америкэм и цІыху къызэрыгуэкІхэм захуигъазэу.**

ОБАМЭ Барак Сирием фІэкІыпІэ имыІэу удын едзын хуейуэ Конгрессми, езым и щхьэгъусэми я фІэщ ищІыну, уеблэмэ езы дыдэми и фІэщ ищІыжыну щыхэт зэманым Путин Владимир США-м и хэхакІуэхэм захуигъэзэну триухуащ. Урысейм и Президентым Америкэм и газет нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ зым - «Нью-Йорк таймс» газетым къытригъэдзащ Сирием щекІуэкІхэм, апхуэдэу США-м худиІэ пыщІэныгъэхэм езыр зэреплъыр къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэ. Дэ дыщогугъ абы и жэуапу Обамэ Барак езым и тхыгъэ «Комсомольская правда» газетым къигъэхьыну икІи Путиным и тхыгъэм щыщу нэхъ гу зылъытапхъэу къытщыхъу пычыгъуэхэр тыдодзэ.

### США-м ООН-м и лъабжьэр зэрыщІиуд щІыкІэр

Дэ зауэ щІыІэм и илъэсхэм дызэпэщІэту екІуэкІащ. Ауэ дызэдарэгъуи щытащ икІи ЕтІуанэ дунейпсо зауэм дызэщІыгъуу нацизмэр щызэтеткъутащ. Мис а зауэм кърикІуахэм япкъ иткІэ икІи апхуэдэ гузэвэгъуэшхуэм къытримыгъэзэжын папщІэ къызэрагъэпэщауэ щытащ ООН-р. ООН-м и лъабжьэр зыгъэтІылъахэм къагурыІуэрт зауэмрэ мамырыгъэмрэ япыщІа Іуэхухэм зэщІыгъуу унафэ тещІыхьын зэрыхуейр, абы къыхэкІыу, США-м тригъэчыныхьри, ООН-м и уставым хагъэхьауэ щытащ кънаща унафэр гъэзэщІэныр Шынагъуэншагъэ мкІэ Советым зэпымыууэ хэтхэм ящыщ дэтхэнэми къызэтригъэувыІэну зэрыхуитыр.

Дуней Іуэху щытыкІэхэм зэрыхэІэбэн Іэмал пыухыкІахэр зэрыхуэмыубзыхуам къыхэкІыу Лъэпкъхэм я Лигэр зэрылъэлъэжауэ щытам хуэдэу ООН-ри къутэжыну зыри хуейкъым. Ауэ апхуэдэу хъункІэ хъунущ, ООН-м и Іизыныншэу къэрал нэхъ инхэм къарур тегъэщІапІэ ящІу хуежьэмэ.

### Сирием удын ирадзмэ, абы къырикІуэнур сыт?

Къэрал куэдым, политикэ, дин лэжьакІуэ инхэм, Рим и Папэри абыхэм яхэту, зэрамыдэм щхьэкІэ къимыгъанэу, США-м Сирием удын иридзмэ, абы цІыху лажьэншэхэр хэкІуэдэну, зауэм зиубгъуну, ар Сирием и гъунапкъэхэми щхьэдэхыну аращ. Апхуэдэу щыщыткІэ, залымыгъэмрэ терроризмэмри заубгъунущ.

### США-м и телъхьэхэр хэт сымэ?

Иджыпсту Сирием щекІуэкІ зэныкъуэкъур зыхуэунэтІар демократием и хабзэхэр зэтегъэувэныркъым, дин зэмылІэужьыгъуэхэр щызэрахьэ мы къэралым правительствэмрэ оппозицэмрэ ІэщэкІэ щызэпэщІэувауэ аращ. Демократием и телъхьэу а къэралым щыІэхэр куэд хъуркъым. КъыпхуемыбжэкІынур террорист зэмылІэужьыгъуэхэмрэ Аль-Каидэм щыщхэмрэ я бжыгъэрщ…

*(КІэухыр 2-нэ нап.)*

## ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд: Урысейм и жэрдэмым Сирие къэралым гугъапІэ ирет

Сирием щыпсэу адыгэхэм даІыгъ а къэралым щыІэ щытыкІэр гъэтэмэмыжыным теухуауэ Урысейм къыхилъхьа жэрдэмхэр, жиІащ КъБР-м и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд фокІадэм и 13-м журналистхэм щаІущІам.

«Сэ нобэ сепсэлъащ Сирием и Адыгэ ФІыщІэ Хасэм и тхьэмадэ Гугу Акрам икІи абы къызжиІащ Урысейм къыхилъхьа жэрдэмым зауэр ягъэувыІэну Сирием и цІыхухэр зэрыщигъэгугъыр»,- къыхигъэщащ абы.

ХьэфІыцІэ Мухьэмэд апхуэдэу къигъэлъэгъуащ нобэм ирихьэлІэу Сирием адыгэу мини 100 зэрисыр. Абыхэм я нэхъыбапІэм къэрал, дзэ къулыкъухэр ирахьэкІ икІи нэгъуэщІ щІыпІэ Іэпхъуэну иджыпсту я мурадкъым.

Адыгэ Хасэм и унафэщІым зэрыжиІамкІэ, зауэр къызэрыхъейрэ Сирием ябгынащ адыгэу мин 20 хуэдизым. Абыхэм ящыщу мини 5-м нэблагъэр Иорданием, 1500-р Тыркум щыІэщ, куэд Европэм и къэралхэм, США-м, Канадэм Іэпхъуащ.

КъБР-м и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм къыхигъэщхьэхукІащ Сирием щыщ адыгэу Тыркум щыІэхэм ахэр Урысейм къэкІуэну «Каффед» адыгэ зэгухьэныгъэм чэнджэщ зэраритыр. «Адэжь щІыналъэм, Кавказым фыкІуэжи нэхъыфІщ, жраІэ абыхэм», - къигъэлъэгъуащ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд.

ХьэфІыцІэм и псалъэм тепщІыхьмэ, Сирием къикІыжа ди лъэпкъэгъуу Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыпсту 700-м щІигъу щыІащ. Абыхэм ящыщу 111-м Урысейм и гражданствэ, 652-м Сирием и гражданствэ яІэщ. ЦІыху 248-м пІалъэкІэ ди къэралым щыпсэуну хуитыныгъэ иратащ. Мы гъэм, ХьэфІыцІэм зэрыжиІамкІэ, хьэщІапІэ къэкІуэну къызэрырагъэблагъэ тхылъу Сирием 813-рэ ягъэхьащ.

Сирием щыщу щтапІэ ихьэжауэ КъБР-м къэкІуахэм сабийуэ 100-м щІигъу яхэтщ. Абыхэм папщІэ пщІэншэу урысыбзэр мази 9-кІэ щрагъэджыну курсхэр къызэрагъэпэщащ. Абы щеджэхэм ящыщу 9-нэ классхэр къэзыухахэр, хуейуэ щытмэ, ІэщІагъэ щрагъэгъуэт курыт еджапІэхэм щІагъэтІысхьэнущ, жиІащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и пресс-ІуэхущІапІэм и унафэщІ Ныбэжь Таисие.

Гъэ еджэгъуэ кІуам Сирием щыщ сабийуэ курыт еджапІэхэр къэзыухахэм урысыбзэр тэмэму зэрамыщІэм къыхэкІыу къэрал экзамен зэгуэтхэр ирагъэтакъым. «Министерствэм и ІэщІагъэлІхэм къалъытащ сабийхэм урысыбзэр нэсу зрагъэщІэнымкІэ Іэмалхэр къахузэгъэпэщыпхъэу, абы папщІэ мази 9-кІэ лэжьэну курсхэр къызэІухын хуейуэ. ИтІанэ абыхэми къэрал экзамен зэгуэтхэр дызыхуэкІуэ гъэм яту еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэтІысхьэфынущ»,- пищащ Ныбэжь Таисие.

Урысеймрэ Америкэмрэ я дипломат ІуэхущІапІэхэм я Іэтащхьэхэу Лавров Сергей, Керри Джон сымэ махуищкІэ зэпсэлъа нэужь фокІадэм и 14-м зэгурыІуащ Сирием и химическэ Іэщэр зэрагъэкІуэдыну щІыкІэмкІэ. Ауэ, «Газета. ру» газетым фокІадэм и 14-м интернетым къызэрыщигъэлъэгъуамкІэ, Сирием удын едзыным теухуа мурадыр США-м зэкІэ къигъэнакъым.

**УЭРЭЗЕЙ Луизэ,**
*«Кавказский узел» интернет-порталым и корреспондент.*

● Дзэлыкъуэ щІыналъэ

## Гъавэр кърахьэлІэж, щІыр явэ

**Дзэлыкъуэ щІыналъэм кІэртІофыр къыщатІыж. ЩІэупщІэшхуэ зиІэ а шхыныгъуэ берычэтыр мыгувэу республикэм и тыкуэнхэм къыщІалъхьэнущ.**

МЭКЪУМЭШ хозяйствэхэм, фермерхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэхэмрэ мы гъэм абы гектар 1100-рэ хухахати, нобэ ирихьэлІэу 560-р кърахьэлІэжащ.

Куейм и губгъуэхэм нартыху жылапхъэхэр щыІуахыж. Абы япэу щІадзащ «Псынэдахэ» СХП-м и гъавэгъэкІхэм. Гибридхэр щызэрахьа хьэсэхэм ящыщу гектар 50 Іуахыжати, бэвагъ хьарзынэ къат.

Хьэцэпэцэр зытета щІыр явэ. МызэкІэ гектар 600-м щІигъу къызэрагъэдзэкІри, ягъэщэбэжащ.

## 2009 гъэ лъандэрэ щагъэзащІэ

**Къат мащІэ фІэкІа мыхъу псэупІэхэм зегъэужьынри хэту, унэжьхэм цІыхухэр къыщІэгъэкІыным тещІыхьа программэм ипкъ иткІэ, псэупІэ екІу мыинхэм хуэдэу 18 мы гъэм Дзэлыкъуэ щІыналъэм щаухуэнущ.**

АХЭР щащІынущ Дзэлыкъуэкъуажэ поселкэм, Белокаменскэ, Чыщбалъкъ, Пречнэ, Совхознэ, Хьэбэз къуажэхэм. Проектым сом мелуан 53-рэ мин 888-рэ 940-рэ хуозэ. Мылъкур псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм щекІуэкІ зэхъуэкІыныгъэхэм я щІэгъэкъуэн фондымрэ республикэ бюджетымрэ хухахынущ.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, фэтэр куэд хъу унэхэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжынымрэ жыы хъуахэм цІыхухэр къыщІэгъэкІынымрэ тещІыхьа программэхэр 2009 гъэ лъандэрэ районым щагъэзащІэ. Абыхэм япкъ иткІэ унэ 19 зэрагъэпэщыжащ, псэупІэ екІу мынхэм (коттедж) хуэдэу 24-рэ яухуащ.

**БЖЬАХЪУЭ Маринетэ.**

### И зэран зыми екІакъым

**Зэрагъэпэщыжу Приморьем щыІэ «Томск» атом псыщІагърыкІуэ кхъухьым блыщхьэ пщэдджыжьым Іугъуэ кърихуу щалъэгъуам, абы елэжьхэри Іэгъуэблагъэм щыпсэухэри гужьеят. «Звезда» заводым и лэжьакІуэхэри кхъухьым и экипажри икІэщІыпІэкІэ а щІыпІэм кърашащ.**

УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкІэ и министерствэм и лІыкІуэхэм Іуэхур щызэхагъэкІым зэрыжаІамкІэ, кхъухьым мафІэсышхуэ щыІакъым, цІыхухэм я гъащІэм зэран хуэхъуни къыщыхъуакъым. А къэхъукъащІэм ирихьэлІэу «Томск»-м Іэщэ ильакъым, атом реакторри лэжьыгъэхэм щІамыдзэ щІыкІэ ягъэувыІат.

УФ-м и Президент Путин Владимир абы теухуауэ Шойгу Сергей щепсалъэм унафэ хуищІащ Іуэхур зытетым зэпкърыхауэ щыгъуазэ ящІыну. «Ди деж апхуэдэ къызэрыщыхъур япэукъым. Апхуэдэ афІэкІа къэмыхъужын щхьэкІэ зэфІэгъэкІыпхъэу къэфлъытэхэри къыхэфлъхьэну сыфщогугъ», - жиІащ къэрал УнафэщІым.

Сыхьэт зыбжанэ дэкІа нэужь Шойгу Сергей Президентым жриІащ мафІэр зэрагъэункІыфІар, ар кхъухьми зэранышхуэ зэрыхуэмыхъуар.

### Доллар мелардхэр яфІэкІуэдыну?

**Европэ зэгухьэныгъэм и комиссэм мы тхьэмахуэм щыхэплъэнущ я щІыналъэм роуминг щыщымыгъэІэным теухуа унафэм.**

АбыкІэ зэгурыІуэмэ, Европэ зэгухьэныгъэм хыхьэ сыт хуэдэ къэрал мыкІуами, цІыхухэр я деж щыІэжым хуэдэу зэпсэлъэфынущ, смс-кІэ зэхуэтхэфынущ, Интернетым и Іэмалхэри къагъэсэбэпыфынущ. Абы текІуэдэнури щхьэж и къэрал щызекІуэ уасэхэм хуэдиз дыдэщ.

Европэ комиссэм и вице-президент Крус Нелли зэрыжиІамкІэ, а жэрдэмым арэзы темыхъуэ операторхэм я Іуэхутхьэбзэхэркъэзыгъэсэбэпхэр куэдкІэ нэхъ мащІэ хъунущ, сыту жыпІэмэ, ахэр нэгъуэщІхэм къыхуагъэлъагъуэ уасэхэмкІэ дахьэхынущ.

ЕС-м и комиссэм апхуэдэ унафэ къищтэмэ, а щІыналъэм роуминг щыІэжыххэнукъым. ЗэкІэ абы игъэгузавэр мобильнэ зэпыщІэныгъэм и операторхэм я закъуэщ - апхуэдэу хъумэ, роумингым къыпэкІуэ доллар мелардхэр яфІэкІуэдынущ.

## НОБЭ

♦Ливаным, Европэм и къэрал зыбжанэм, США-м ягу къыщагъэкІыж Израилым и телъхьэ «Ливан къарухэм» цІыху мамырхэр Сабрэрэ Шатилэрэ, щтапІэ ихьэжа палестинхэм я хэщІапІэхэм, щыщызэтраукІам хэкІуэдахэр.

♦**США-м щагъэлъапІэ конституцэмрэ гражданствэмрэ я махуэр.** 1787 гъэм къащтащ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я конституцэр - къэралым и цІыхум и хуитыныгъэхэр щыубзыхуа япэ дэфтэрыр.

♦Илъэс 70-кІэ узэІэбэкІыжмэ, советыдзэхэм фашистхэм къыІэщІагъэкІыжауэ щытащ Брянск къалэр. УФ-м и Президентым 2010 гъэм гъатхэпэм и 25-м къыдигъэкІа унафэмкІэ абы фІащауэ щытащ «Дзэ щІыхьым и къалэ» цІэр.

♦УсакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ, КІыщокъуэхэ Рашидрэ Алимрэ я адэ **КІыщокъуэ Пщымахуэ** къызэралъхурэ илъэси 136-рэ ирокъу.

♦Жылагъуэ лэжьакІуэ, «Гъуазэ» газетым (Истамбыл) и япэ редактор **ЦІагъуэ Нурий** къызэралъхурэ илъэси 130-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **БакІуу Хъанджэрий** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ **Ачмыжь Мариет** (АР) къыщалъхуа махуэщ

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 23-рэ, жэщым градус 15 - 16 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Іущыгъэ:**

**Унагъуэжьрэ пхъэжь мафІэрэ.**

## Ди къуэш республикэхэм

### Лъэпкъ тхылъым и фестиваль

АДЫГЕЙ. «***Тхылъыр лъэпкъхэр зэхэщІыкІымрэ зэгурыІуэныгъэмрэ хуэзышэщ» зыфІаща япэ республикэ фестивалым зыхуагъэхьэзыр.***

АДЫГЕЙ Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 22-рэ зэрырикъум теухуа фестивалыр жэпуэгъуэм и 1-м Мейкъуапэ и къалэ щэнхабзэ, зыгъэпсэхупІэ паркымрэ Адыгейм и Лъэпкъ библиотекэмрэ щекІуэкІынущ. КъызэгъэпэщакІуэхэм зэрыжаІэмкІэ, мы Іуэхур ягъэбжыфІэнущ республикэм и артистхэм, уэрэджыІакІуэхэмрэ къэфакІуэхэмрэ. Адыгейм щыпсэухэм я лъэпкъ тхылъ щэнхабзэм и тхыдэм теухуа «Книжная палитра» тхылъ гъэлъэгъуэныгъи екІуэкІынущ.

### Сом меларди 152,7-рэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Сочэ щекІуэкІыну XII инвестицэ форумым Къэрэшей-Шэрджэсым утыку къыщрихьэнущ сом меларди 152,7-рэ зыпэкІуэ проект 18.***

РЕСПУБЛИКЭМ и проектхэр нэхъыбэу хуэунэтІащ туризмэм, мэкъумэшым, псэуалъапхъэхэр къыщІэгъэкІыным, щІыщІагъ хъугъуэфІыгъуэхэр къэгъэсэбэпыным, гидроэнергетикэм я ІэнатІэхэм нэхъри зегъэужьыным. КъШР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм къэралщІыб экономикэ зэпыщІэныгъэхэмрэ мыбюджет инвестицэхэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Мамхэгъ Артур зэрыжиІамкІэ, ахэр иджыкІэ пхагъэкІ, къэкІуэнуми зэлэжьыну я мурад Іуэхугъуэхэрщ. Ахэр къайхъулІэмэ, лэжьыгъэ ягъуэтынущ мин 21-м.

«Сочэ-2013» дунейпсо инвестицэ форумыр фокІадэм и 26-м къызэІуахынущ. Абы цІыху мини 10 хэтынущ.

### Я зэпыщІэныгъэм зрагъэужь

АБХЪАЗ. ***Лэжьыгъэ ІуэхукІэ республикэм къэкІуащ Воронеж областым и Сату-промышленнэ палатэм и лІыкІуэ гуп, вице-президент Щипелев Николай зи пашэр.***

ВОРОНЕЖ къикІа хьэщІэхэр Абхъазым и Сату-промышленнэ палатэм щрагъэблэгъащ. Ахэр тепсэлъыхьащ лъэныкъуитІми я сэбэп зыхэлъ Іуэхугъуэхэм. Зэрызэдэлэжьэну щІыкІэр зыгъэбелджылы зэгурыІуэныгъэм Іэ щІадзащ. Ар щІэдзапІэ хуэхъунущ хьэрычэтыщІэхэр зэдэлэжьэныр зэтеублэным.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

## Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхэм гу зылъатапхъэ

«Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал ІуэхущІапІэ зэгуэтым и къудамэм - КъБР-м Федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэмкІэ и управленэм 2013 гъэм фокІадэм и 1-м къызэІуихащ 2014 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щІегъэдзыныр. Абы папщІэ дэтхэнэри пощтым и ІуэхущІапІэ щхьэхуэхэм, почтамтхэм екІуалІэ хъунущ. Абыхэм я лэжьакІуэхэм фэ нэхъ фигу ирихь газетхэмрэ журналхэмрэ унэм ныфхуахьынущ, апхуэдэу ахэр пощтым и ІуэхущІапІэхэми къыщеІыфхыж хъунущ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ къевгъэхьын папщІэ фызыхуей псори къыщыфщІэ хъунущ пощтым и лэжьакІуэхэм я деж.

*КъБР-м Федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэмкІэ и управленэ.*

ІУЛЪХЬЭ зэрызэІэпахым, коррупцэм пыщІа Іуэхухэр зэралэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хъыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и деж щыІэ **8 (8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкІэ.

# «Дэ псори Тхьэм дыззхуэдэу дыкъигъэщIащ»

*(КIуэхыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

Хьэрып къэралхэм пщIэкIэ кьыщащтахэм я мызакъуэу, Сирием щозауэ къуэхьэпIэ къэралхэм, уебламэ Урысеим щыщ боевику щэ бжыгъэхэр. Лъы гъэжэным хуэIэкIуэлъакIуэ хьуа щIэпхьаджащIэхэр ныжьыкIэ ди къэралхэм кьыщымыхутэну щэсыпIэ нуэфынур хэт?

### Хуэныкъуэу пIэрэ США-р аргуэру зы зауэ?

Дунейм тет цIыху мелуанхэм Америкэр демократием и щапхъэукъым иджы кьаззрыщыхьур. Ар кьалытэу хуежьащ сыт хуэдэ Iуэхуми езым и фейдэ кьыхихи папщIэ кьарур тегъэщIапIэ зыщI икIи «дэ тщIымыгъур ди бийщ» жиIэу къэув кьэралу.

Кьарур къэгъэсэбэпыным фIы кьыззрырымыкIуэр, ар зэрыакъылынщагъэр куэд щIауэ нэрылъагъущ. Афганистаныр техьэгъуэм сутхыпщI, икIи зыми хужьIэнукъым къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм я дзэхэр кьращыжа нэужь абы кьыщыхьунур. Ливиер лъэпкъхэмрэ гуп зэмылIэужьыгъуэхэмрэ я унафэм щIэт Іыхьэ зыбжанэу зэпыуда хьуащ. Иракым граждан зауэ щокIуэкI икIи абы махуэ кьэс цIыхуипщIхэр щыхокIуадэ. Езы США-м куэдрэ щызэрагъапщэу хуежьащ Иракымрэ Сириемрэ икIи абы ехьэлIауэ щIоупщIэхэр: зэман благъэм ящIа щIыуагъэхэр аргуэру щхьэ ялэжьын хуей?

### ХэкIыпIэр сыт хуэдэ?

США-м, Урысеим, Дунейпсо Зэгухьэныгъэм хэт адрей кьэрал псоми я кьалэнщ езым и химическэ Iэщэр дунейпсо кIэлъыплъныгъэм щIэгъэувэнымрэ иужькIэ ар гъэкIуэдынымкIэ Сирием и унафэщIхэр зэрыарэзыр кьагъэсэбэпыну. Обамэ Барак жиIахэм ятепщIыхьмэ, США-м абы хельагъуэ удиным и пIэкIэ кьэбгъэсэбэп хъун хэкIыпIэ.

### Хэт зи щыуагъэр Обамэ иджы кьытригъэзэжурэ илэжьхэр?

США-м и президент Обамэ Баракрэ дэрэ дяку дэлъ дзыхьыр, зэпыщIэныгъэхэр, зэхущытыкIэхэр ефIакIуэ зэпыту йокIуэкI. Си дежкIэ ар лъапIэщ. Сэ кууэу щыгъуазэ зыщIащ абы фокIадэм и 10-м лъэпкъым зэрызыхуигъэзам икIи Iуэху нэхъыщхьэ дыдэу щытым ехьэлIауэ кьэзмыщтэ гуэрхэр кьыхэзгъэщынщ.

США-м и президентым кьыхигъэщхьэхукIащ Америкэм и цIыхубэр лъэпкъ хэхауэ кьиэзрилытэр. США-м иригъэкIуэкI политикэм «Америкэр адрейхэм кьахегъэщхьэхукI. Араща дъэпкъ хэха дызыщIри», - нехьэкIкъехьэкI хэмыту жиIащ США-м и президентым. Сыт хуэдэ мурадым темыщIыхьами, псоми закьыхэгъэщхьэхукIыным хуэгъэза гупсысэхэр щIыхухэм ягу кьэбгъэкIыныр икъукIэ шынагъуэу кьызэлытыгъ. ЩыIэщ къэрал нии щIыкIуи, къэрал кьулеи кьулейсызи, демократием и хабзэхэр щытепщэ къэралхэри, демократием и гъэзуагъэ теувэу хуежьа кьудейхэри. Дэ псори куэдкIэ дызэщхьэщоцкI, ауэ Тхьэм гущIэгъу кьытхуищIыну дыщелъэIум и деж зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым псори абы и пащхьэм дызыщхуэздэу дыкьызэригъэщIар.

*«Комсомольская правда - Северный Кавказ», №122 (26132), 2013 гъэм фокIадэм и 13-м.*

● Щапхъэ

# ГугъэфIхэр ящI

**КъБР-м Хьыбарегъащ Iэ Iуэхущ Iапл Iэхэмк Iэ, жылагьуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэм деж щыIэ Жылагьуэ советым зи чэзу зэIущIэ мы махуэхэм иригъэкIуэкIащ.**

ЖЫЛАГЪУЭ советым хэтхэмрэ министерствэм щылажьэхэмрэ кьищынэмыщIа, зэIущIэм кьрихьэлIат ди республикэм кьыщыдэкI газетхэм, журналхэм я редактор нэхьыщхьэхэр, журналистхэр, нэгъэущIэри.

ЗэIущIэм и кIуэцIкIэ зыщагъэгъуэзащ республикэм щылажьэ хьыбарегъащIэ Іуэхущ Іапл Іэхэм я лэжьэкIэм, дяпэкIэ зэрызэуужьыну я мурадхэм, дэтхэнэми и Іуэху зыIутым.

КъБР-м хьыбарегъащIэ Іуэхущ Іапл Іэхэмк Іэ, жылагьуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министр **Кьумахуэ Мухьэдин** «Іуэщхьэмахуэ» журналым и редактор нэхьыщхьэ хьуа **Мыкъуэжь Анатолэ** кьыззэхуэсахэм яригъэщIыхури, и псальэхэм дыщIигъужащ зи усэ купщIафIэхэмкIэ республикэм щIэрыIуа щыхьуа Мыкъуэжьым и Іэнатlэщ Іэм зэхъуэкIыныгъэфIхэр хилъхьэну зэрыщыгугыр. КьыдэкIыгъуитI хьуауэ зи теплъэкIэ, щIэщыгъуагъкIэ зызыхьуэжа журналыр кьызэхуэсахэм яригъэльагъури, министрым жиIащ и теплъэм кьищынэмыщIауэ, журналыр и купщэкIи нэхьыфI, и щIэджыкIакIуэхэри нэхьыбэ хьун зэрыхуейр.

Кьумахуэм щхьэхуэу я цIэ кьриIуащ кьэралыбзэщымкIи ди деж кьыщыдэкI сабий журналхэм. «Зэгъэпэщащэ, и теплъэкIи удихьэхыу кьыдагъэкI ди сабий журналхэм хуэдэ зиIэ щыналъэ куэд щыIэкъым. Хуеиммэ, мыбыхэм уатемыукIыгъхьу сыт хуэдэ утыкуи ипхъэ хъунщ».

Газетхэм я гугъу щищым, министрым жиIащ, абыхэм кьытехуэ тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм ехьэлIауэ я деж цIыху куэд кьызэрыпсальэр. Ар тхыгъэхэр кьаззрыфIэIуэхум, абы ират мыхьэнэм, ди цIыхухэр газет зэреджэм и нэщэнэу зэрыщытыр дыщIигъужащ Мухьэдин и псальэхэм.

Апхуэдэуи Кьумахуэм кьызэхуэсахэм яригъэльэгъуащ КъБР-м и Іэтащхьэм и унафэкIэ кьыдэкI, тхьэмахуэ зэхуакум нэхъ гъэщIэгъуэну, нэхъыщхьэу кьыщыхьуа псори кьызэщIэзыкъуэж «КБП-неделя» газетыр.

Абы кьыдэкIуэу министрым редактор нэхьыщхьэхэм фIыщIэ яхуищIащ я кьару щымысхьыжу зэрылажьэм, я Іэнатlэр Іэмал зэрпIэкIэ ирагъэфIэкIуэным хуэунэтIа хэкIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэр кьызэральыхьуэм папщIэ.

КъБР-м и Журналистхэм я союзым и правленэм и унафэщI **Мэзыхьэ Борис** жиIащ:

- Мыпхуэдэ зэIущIэм куэд щIауэ дыхуэныкъуэт. ХьыбарегъащIэ Іэнатlэм щылажьэхэм я Іуэхущ Іапл Іэхэм ирагъэфIэкIуэн папщIэ зэрыщIэн, зэпсэльэн хуейщ, зым адрейм зыщIигъакъуэу щыгъпхъэщ, - жиIащ Мэзыхьэм.

«Заман» газетым и редактор нэхьыщхьэ **Аттаев Жэмал** и псальэхэм кьыхигъэщащ КъБР-м и журналистикэм кьаруущIэ кьызэрыкьыхьэр зыхьымыщIэнкIэ Іэмал имыIэу. Ар ди республикэм журналистикэм зэрызыщиужьым и нэщэнэу кьиныытащ абы.

Телевиденэм и Іуэху зытетым щагъэгъуэзэн папщIэ зэIущIэм хэтахэр яшащ РТПЦ-м.

Абы и унафэщI **Жылау Сафудин** гупым кьапежьэри, бжыгъэ телевиденэм и гъэпсыкIэр зыхуэдэнум кьахутепсэлъыхьащ. Абы зэрыжиIамкIэ, 2015 гъэм зэрыреспубликэу хуэкIуэнущ бжыгъэ телевиденэм икIи абы фIы кьыпэкIуэнущ. Псом япэрауэ, телевизорым нэхъ Іупщ Iу кьигъэльэгъуэнущ. Ар плъагъун папщIэ куэд щIауэ кьыдагъэкIа телевизорхэм гуэдзэн (приставкэ) кьахуэпщэхужьын хуейщ, гъэ кIуам и август маэзм щегъэжьауэ кьыдагъэкIа телевизорхэм а гуэдзэныр езыхэм хэтщ.

АдэкIэ гупым НОТР «Налшыкым» и хэщIапIэмкIэ яунэтIащ.

Кьумахуэ Мухьэдин зэрыжиIамкIэ, гъэ кьакIуэ икуэм фIэмыкIыу, мы унэм иджыри зы кьат кьытращIэу НОТР «Налшыкым» «1 КъБР-мрэ зэгуагъэхьэжьну я мурадщ.

НОТР «Налшык» телеканалым и унафэщI **Вэрокъуэ Владимир** кьызэригъэщащ ди журналист нэхьыжьхэм кьащIэувэн Іэщагъэлъ ныбжьыщIэхэр дыззэриIэн зэрыщыгуфIыкIыр. Абыхэм я щIэныгъэм, Іэзагъэм хагъэхъуэн папщIэ, нэгъуэщI щынальэхэм щрагъаджэ, мастер-классхэр драгъэкIуэкI.

Жылагъуэ советым и унафэщI **Емуз Нинэ** жиIащ зэIущIэм щызэхихамрэ щильэгъуамрэ гунэс зэрыщыхьуар, телевиденэм зегъэужьыныр зэманым кьигъэув Іуэхугъуэ пажэхэм зэрращыщыр.

- Кьэралымрэ жылагъуэмрэ, кьэхьукъащIэхэмрэ ди цIыхухэмрэ зэпызыщIэ лъэмыж лъэщщ хьыбарегъащIэ Іуэхущ Іапл Іэхэр, абыхэм хьыбарыр жылагъуэм зэрыбгъэдалъхьэ, ар зэрыгурагъаIуэ щIыкIэм куэд елыытащ, - жиIащ Кьумахуэ Мухьэдин.

Министрым и псальэм кьыхитъэщащ хьыбарегъащIэ Іуэхущ Іапл Іэхэм кьызыхьу зэхъуэжкIыныгъэхэм КъБР-м и Іэтащхьэм и нэIэ зэрытетыр.

Жэщ-махуэм мыувыIэу лажьэу мы маэзм яутIипща КъБР-м и радиом хуэдэу, телевиденэри ящIыну зэрамурадыр щыжаIащ зэIущIэм.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

*Сурэтхэр* **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● ЩIэ

# Лъэпощхьэпо хэтынукъым

**Къэрал, муниципальнэ платежхэм (ГИС ГМП) ятеухуа Къэрал хьыбарегъащIэ Iэмалыр мы гъэм щIышыгъэм и 1 льандрэ Урысей Федерацэм кьыщагъэсэбэн.**

АР ТЕЩIЫХЬАЩ administративнэ кьуэдыхэри хэту, цIыхухэмрэ Іуэхущ Іапл Іэхэмрэ ят пщIэм теухуауэ банкхэм, нэгъуэщI кредит организацэхэм кьыIах хьыбархэр зэхуэгъэкIуэным. Банкхэмрэ нэгъуэщI кредит организацэхэмрэ кьуэдыр зэрыщапшныжам теухуа хьыбархэр ГИС ГМП-м щыIэрымыхьэ кьохьу. Ар кьыхохI банк псори иджыри а Iэмалым зэрыхуэмыкIуам. Административнэ тезыр тезыльхьэ Іуэхущ Іапл Іэм кьуэдыр зэратам теухуа хьыбархэр и чэзум Іэрамыгъэхьэмэ, кьуанщагъэ зылъэкIам иппынкъыхьн хуейм хуэдитIкIэ хухагъэхъуэным, жэщмахуэ 15-кIэ ящыбдыным е сыхьэт 50-кIэ лъэкIыгъэ дей прагъэхьныным хуэIуа щыIэкъым. Абы кьыхэкIыу, пристав-гъэзэщIа-кIуэхэм кьуанщэм и мылькыр кьатхьэкъынкIэ, тезыр тIуащIэ тралъхьэнкIэ, къэралым икIыну хуит зымыщI тхьилъ хуатхынкIэ хъунущ. Урысейм и Приставхэм я Іуэхущ Іапл Іэм мызэ-мытIэу цIыхухэм чэнджащ ирагащ банк, организацэ псоми ГИС ГМП-м зыпащIэху кьуэдыхэр зэратамкIэ Іуэхущ Іапл Іэр (квитанцэр) яхъумэну. Федеральнэ Казначействэм кьызэригъакIэ, ЮФ ирихьэлIэу ГИС ГМП-р кредит Іуэхущ Іапл Іэу 145-м гъэпсауэ ядолажьэ. Къэрал, муниципальнэ платежхэр Къэрал хьыбарегъащIэ Іэнатlэм и Іуэхутхьбзэхэр кьызыгъэсэбэп банкхэм щызытхэр льэпощхьэпо гуэри хэтынукъым.

ГИС ГМП-м пыщIа кредит организацэхэр зыхуэдэр Урысейм и Казначействэм и http://www.roskazna.ru/gisgmp/index.php. сайтым щызэкIэльыхьащ.

**АЛЪТУДФатIимэ.**

# Узыншэу псэуным и телъхьэхэр

**КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм мы гъэм бдзэуэгъуэм и 9-м кьыхилъхьауэ щытащ «Гъэмахуэ узыншэ-2013» Іуэху щхьэпэр. Ар дяIыгащ икIи жьыдэкIэ Іуэхум хэтащ министерствэ, ведомствэ, Іуэхущ Іапл Іэ зэхуэмыдэхэм я лIыкIуэхэр. Сабийхэм зыщагъэпсэхуэ санаторэхэм лагерэхэм абыхэм кьыщызэрагъэпэщащ узыншэу псэуным, мафIэс къымыгъэхьуным, гъуэгум и хабзэхэм тетыным, хьэл мыхъумыщIэхэр зэрызыхамылъхьэным теухуа зэIущIэхэр.**

ІУЭХУ щхьэпэм кьрикIуахэр иджыблагъэ щызэхалъхьэжащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ и департаментым щекIуэкIа зэхьэкIэм.

- «Гъэмахуэ узыншэ-2013» Іуэхум сабий мини 3-м щигъу кьызэщIиубыдащ, - жиIащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ и департаментым и унафэщIым и кьуэдзэ Водопьянов Александр. - Ар зэрелкIуэкIа мазитIым кьриубыдэу сабийхэм зыщагъэпсэхуа, я узыншагъэр щагъэфIэкIуэжа Іуэхущ Іапл Іэу 19-м мызэмытIэу щыIащ министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм я лIыкIуэхэр. Абыхэм ныбжьыщIэхэм псалъэмакъ гъэщIэгъуэнхэр драгъэкIуэкIащ, Іуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм теухуа зэпеуэхэр кьызэрагъэпэщащ. Апхуэдэу наркотикым, фадэм, тутыным кьашэ зэрарыгъэнр теухуауэ дерс кьызыхахын хьыбархэм щагъэдэIуащ. НыбжьыщIэхэр гъащIэ узыншэм кьыхуеджэным, ахэр гъэзгу захуэ тешэным ехьэлIауэ кьызэдгъэпэща Іуэхур кьыддэзыIыгъакъэм фIыщIэ яхдощI икIи дащогугъ дяпэкIэ абы и лъэныкъуэкIэ сыткIи дэIэпыкъуэгъу кьытхуэхьуну.

Нобэ сабийм хуащI гупльыгъэм абыхэм я кьэкIуэнур зэрыхъунур куэдкIэ зэрелъытар, абыхэм сытым дежи лъагъуныгъэр зыхегъэщIэн зэрыхуейр кьыхагъэщу, Іуэху щхьэпэр адэкIи ефIэкIуэным теуха я Іуэху ефлъыкIэхэр кьагъэлъагъуэу зэIущIэм кьыщыпсэлъащ КъБР-м и мусулъманымэнхэм я Іуэхущ Іапл Іэм и унафэщIым и кьуэдзэ Сыжажэ Алим, дохутыр-нарколог ПащIэ Артур, «Жор плъыжь» щIыналъэ кьудамэм и лIыкIуэ Кьумыкъу Еленэ сымэ.

ЗэIущIэм и кIэм «Гъэмахуэ узыншэ-2013» Іуэхум жыджэру хэтахэр ягъэпэжащ. Апхуэдэу Кьэрал кIуэцI Іуэхухэмкl Iэ министерствэу КъБР-м щыIэм, абы и кьудамэхэу УГИБДД-м, ПДН-м, МафIэс шынагъэуэнщагъэмкIэ кьэрал Іуэхущ Іапл Іэм, Наркотикхэр зэрызэрагъакIуэм кIэлъыплъныныкIэ федеральнэ кьулыкъущ Іапл Іэм и кьудамэу республикэм щыIэм, Налшык кьалэ администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и департаментым сабий, ныбжьыщIэ творчествэмкIэ и центрым, КъБР-м и мусЫнымэнхэм я Іуэхущ Іапл Іэм, «Жор плъыжь» щIыналъэ кьудамэм, ЩIалэгъуалэ центрым я лIыкIуэхэм фIыщIэ тхьилъхьэмрэ саугъэтхэмрэ ираташ.

**ЩIХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

*Сурэтыр* **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● Щэджэм щIынатIэ

# ФокIадэ мазэм кьриубыдэу

**Жылагьуэхэр гъэкъэбзэным, зэIуэпэщ щIыным теухуа дзэкIыгъэр ПIэджэм районым щыщIохуэфащэ.**

КЪАПЩТЭМЭ, Шэджэм Ищхьэрэ кьуажэм мэкъупIэхэм екIуалIэ гъуэгуэкIэ щызэрагъэпэщыжь. Хъущтэ-Сырт ток кIапсэхэмрэ аехэр зэрашэщI пкъохэмрэ щызэрахъуэкI. Нобэ ирихьэлIэу пкъои 5-рэ жьы хьуа кIапсэу метр 250-рэ яхъуэжащ. ФокIадэ мазэм кьриубыдэу иджыри пкъоищ ягъэувынущ, ток кIапсэу метрищэм щIигъу яукъуэдиинущ. КьищынэмыщIауэ, щIыпIэр зэпымыууэ ягъэкъабзэ.

Лашынкьей кьуажэм алюминэ ток кIапсэхэр фэ зытелъхэм хуэдэкIэ щызэрахъуэжащ. ФокIадэ мазэм кьриубыдэу иджыри пкъоищ ягъэувынущ, ток кIапсэу метрищэм щIигъу яукъуэдиинущ. Псом япэрауэ, телевизорым нэхъ Іупщ Iу кьигъэльэгъуэнущ. Ар плъагъун папщIэ куэд щIауэ кьыдагъэкIа телевизорхэм гуэдзэн (приставкэ) кьахуэпщэхужьын хуейщ, гъэ кIуам и август маэзм щегъэжьауэ кьыдагъэкIа телевизорхэм а гуэдзэныр езыхэм хэтщ.

АдэкIэ гупым НОТР «Налшык» и хэщIапIэмкIэ яунэтIащ.

Кьумахуэ Мухьэдин зэрыжиIамкIэ, гъэ кьакIуэ икуэм фIэмыкIыу, мы унэм иджыри зы кьат кьытращIэу НОТР «Налшыкым» «1 КъБР-мрэ зэгуагъэхьэжьну я мурадщ.

НОТР «Налшык» телеканалым и унафэщI **Вэрокъуэ Владимир** кьызэригъэщащ ди журналист нэхьыжьхэм кьащIэувэн Іэщагъэлъ ныбжьыщIэхэр дыззэриIэн зэрыщыгуфIыкIыр. Абыхэм я щIэныгъэм, Іэзагъэм хагъэхъуэн папщIэ, нэгъуэщI щынальэхэм щрагъаджэ, мастер-классхэр драгъэкIуэкI.

Жылагъуэ советым и унафэщI **Емуз Нинэ** жиIащ зэIущIэм щызэхихамрэ щильэгъуамрэ гунэс зэрыщыхьуар, телевиденэм зегъэужьыныр зэманым кьигъэув Іуэхугъуэ пажэхэм зэрращыщыр.

- Кьэралымрэ жылагъуэмрэ, кьэхьукъащIэхэмрэ ди цIыхухэмрэ зэпызыщIэ лъэмыж лъэщщ хьыбарегъащIэ Іуэхущ Іапл Іэхэр, абыхэм хьыбарыр жылагъуэм зэрыбгъэдалъхьэ, ар зэрыгурагъаIуэ щIыкIэм куэд елыытащ, - жиIащ Кьумахуэ Мухьэдин.

Министрым и псальэм кьыхитъэщащ хьыбарегъащIэ Іуэхущ Іапл Іэхэм кьызыхьу зэхъуэжкIыныгъэхэм КъБР-м и Іэтащхьэм и нэIэ зэрытетыр.

Жэщ-махуэм мыувыIэу лажьэу мы маэзм яутIипща КъБР-м и радиом хуэдэу, телевиденэри ящIыну зэрамурадыр щыжаIащ зэIущIэм.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

*Сурэтхэр* **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

●Аруан щIынатIэ

# Бын куэд зыпI анэхэм зыщIагъакъуэ

**Къэбэрдей-Балъкъарым и Аруан районым демографие щытыкIэр щофIакIуэ: цIыху мин къэс сабий кьалъхуагъащIэу 19-м щIигъу хуоэ, абы щыгъуэм и республикэм я бжыгъэр ику иту зэрыщыхьур 16-щ.**

2010 ГъЭ лъандэрэ районым кьихъуэ сабийхэм я бжыгъэм псынщIэу хохъуэ. Кьапщтэмэ, 2010 гъэм сабий 880-рэ, 2011 гъэм - 908-рэ дунейм кьытехьамэ, 2012 гъэм а бжыгъэр 1027-рэ хъуащ. Апхуэдэ зыужьыныгъэр и фIыщIэщ «Анэ мылъкуэ», акушер, педиатрие Іуэхущ Іапл Іэхэм я лэжьыгъэр хъарыпэу зэрызэтеублам, бынунагъэушхуэхэм яIэ щIэм зэрыхэхъуэм.

А унэтIыныгъищымкIи районым лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI. Нарткъалэ дэт лъхуапIэ унэмрэ сабий поликлиникэмрэ республикэм щыIэ апхуэдэ Іуэхущ Іапл Іэ нэхъыфIхэм хабжэ. «Анэ мылькуэ» зэзыгъакIуэ Пенсэ фондым и районо къудамэм абы теухуа законым лэжьэн зэрыщIидзэрэ лъэIу тхьилъ 3610-рэ щIалъхьащ, абыхэм ящыщу 2441-м ар къагъэсэбэпащ.

Районым бынунагъэушхуэу 1000-м щIигъу исщ, абы щыщу 10-м сабиипщI е нэхъыбэ яIэщ. А унагъэхэм щIэх-щIэхыурэ кьэралым и дзэпыкъунигъэ яльос. Апхуэдэу ахэр ягъэпэжащ «Анагъэм и щIыхь», «Лъагъунигъэмрэ пэжыгъэмрэ пащIэ» медалхэмкIэ. СабиитщI щапIэ унагъуэхэм «Анагъэм и щIыхь» дамыгъэр щраткIэ, абы дыщIагъу сабий къэс хуэзэу сом мини 10, апхуэдэу «Газель» автомашинэ тыгъэ хуащI. ЩIынальэм щыпсэу бынунагъуэшхуэу 5-м ираташ транспорт.

Абы кьищынэмыщIауэ, лльэс къэс гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу, унагъуэ хуэмыщIахэм щыпсэу цIыкIуэхэм сом мин тIурыт Iрат, апхуэдэхэм ядэIэпыкъуным хуэунэтIауэ ирагъэкIуэкIа щабэт щIыхьэхэм и фондым кьыхэкIыу. Сабийхэмрэ унагъуэмрэ защIэгъэкъуэнымкIэ щIыналъэ центрым бын куэд зыпI анэхэм зэрыхъукIэ защIигъакъуэу Іуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр зэфIегъэкI.

**СОКЪУР Риммэ.**

● ПIэ

# Лъэпощхьэпо хэтынукъым

**Къэрал, муниципальнэ платежхэм (ГИС ГМП) ятеухуа Къэрал хьыбарегъащIэ Iэмалыр мы гъэм щIышыгъэм и 1 льандрэ Урысей Федерацэм кьыщагъэсэбэн.**

АР ТЕЩIЫХЬАЩ administративнэ кьуэдыхэри хэту, цIыхухэмрэ Іуэхущ Іапл Іэхэмрэ ят пщIэм теухуауэ банкхэм, нэгъуэщI кредит организацэхэм кьыIах хьыбархэр зэхуэгъэкIуэным. Банкхэмрэ нэгъуэщI кредит организацэхэмрэ кьуэдыр зэрыщапшныжам теухуа хьыбархэр ГИС ГМП-м щыIэрымыхьэ кьохьу. Ар кьыхохI банк псори иджыри а Iэмалым зэрыхуэмыкIуам. Административнэ тезыр тезыльхьэ Іуэхущ Іапл Іэм кьуэдыр зэратам теухуа хьыбархэр и чэзум Іэрамыгъэхьэмэ, кьуанщагъэ зылъэкIам иппынкъыхьн хуейм хуэдитIкIэ хухагъэхъуэным, жэщмахуэ 15-кIэ ящыбдыным е сыхьэт 50-кIэ лъэкIыгъэ дей прагъэхьныным хуэIуа щыIэкъым. Абы кьыхэкIыу, пристав-гъэзэщIа-кIуэхэм кьуанщэм и мылькыр кьатхьэкъынкIэ, тезыр тIуащIэ тралъхьэнкIэ, къэралым икIыну хуит зымыщI тхьилъ хуатхынкIэ хъунущ. Урысейм и Приставхэм я Іуэхущ Іапл Іэм мызэ-мытIэу цIыхухэм чэнджащ ирагащ банк, организацэ псоми ГИС ГМП-м зыпащIэху кьуэдыхэр зэратамкIэ Іуэхущ Іапл Іэр (квитанцэр) яхъумэну. Федеральнэ Казначействэм кьызэригъакIэ, ЮФ ирихьэлIэу ГИС ГМП-р кредит Іуэхущ Іапл Іэу 145-м гъэпсауэ ядолажьэ. Къэрал, муниципальнэ платежхэр Къэрал хьыбарегъащIэ Іэнатlэм и Іуэхутхьбзэхэр кьызыгъэсэбэп банкхэм щызытхэр льэпощхьэпо гуэри хэтынукъым.

ГИС ГМП-м пыщIа кредит организацэхэр зыхуэдэр Урысейм и Казначействэм и http://www.roskazna.ru/gisgmp/index.php. сайтым щызэкIэльыхьащ.

**АЛЪТУДФатIимэ.**

МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ

# Лъапсэ-

## Романым щыщ пычыгъуэхэр

Накъыгъэм и 21

Адыгэ депутатхэу Хьэжы Хьэсэнрэ...

...Ростаныкъуэ Исмэхьилрэ Шэрджэс меджлисым и лIыкIуэхэу Лондон 1861 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм щыIащ.

*(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр №№ 178-179-хэм итщ).*

Хэплъэгъуэт нэIибым и Iуэхур: шэми ес, шхуми ес. ХьэщIэщым исхэми куэбжэпэм щызэхэтхэми яфIолIыкI, къэзакъ шухэри ежьэжакъым, нэIибым къажриIэнум поплъэри зэхэтщ.

- Инэралым игу къыщIызэбгъэн лажьэ сиIэкъым. Тхьэр щыхьэтщ абыкIэ, - жиIащ Мыхьэмэт-Iэмин, игу къызэрыгъуэтыжа нэужь.

- УиIэкъым! УиIэкъым! - къыдежьууащ куэбжэпэм щызэхэт абазэхэхэр. ХьэщIэщым исхэми зэхахащ нэIибым и псалъэр.

Къэзакъ шухэр ежьэжа нэужь, Мыхьэмэт-Iэмин хьэщIэщым ихьэжащ, и цыр уауэ.

- Уигу умыгъэныкъуэ, нэIиб, псори къыдгурыIуащ, - жиIащ Бэрзэдж Джырандыкъуэ. - Уи Iуэху фIы ирикIуэ. Дэ дежьэжынщ. НакIуэ, Зан и къуэ.

Шапсыгъхэмрэ убыххэмрэ ежьэжащ.

* * *

МЫХЬЭМЭТ-IЭМИН зы шу щIалэ зыщIигъури гъуэгу техьащ, Мейкъуапэ шытхыр зэпиупщIауэ къэзакъ плъырхэм яIууащ.

- Фыхэт, дэнэ фыкIуэрэ? - къапэуващ къэзакъ плъырхэр.

- Дыхэтми фи инэралым ещIэ. Инэралым дежщ сыздэкIуэр, - жиIащ нэIибым.

Филипсон деж яшащ нэIибыр.

- Еблагъэ, нэIиб, - къыпежьащ генералыр. - УкъызэрыкIуэнум шэч къытесхьэртэкъым. Ебгъэжьэжащ, жоIэ, уи хьэщIэхэр?

- Бэрзэдж Джырандыкъуи Занокъуэ Къарэбатыри сапэплъакъым сэ, сымыщIэххэу ныстепсыхащ. Ахэр нызэрысхуепсыхар дэнэ къыщыпщIа?

- Сыкъаплъэнэф уи гугъэ? - гушыIэ зищIащ Филипсон. - Уэрэ сэрэ дызэгурыIуащ, ди дзыхь зэдгъэзащ, си нэщIыбагъкIэ щумылэжьIамэ аращ сызыхуейр.

- Сэ узэхызощIыкI уэ. Иджыпсту себгъэубыдрэ хьэпсым сибдзэкIэ губгъэн пхуэсщIынукъым, - жиIащ Мыхьэмэт-Iэмин. - СхузэфIэкIыр яхуэзлэжьащ абазэхэхэм, сакъыхэкIыжа зэрыхъунуращ сымыщIэр.

«И щхьэращ зытегузэвыхьыр, - жиIащ генералым игукIэ. - КIэбгъу зищIыжынущи, щIэпщыпIэр илъагъуркъым... Абазэхэхэм пашэ захуэпщIри, бгъэжэкъуащ, ар къащIэмэ, узэпкъратхъынщ абазэхэхэм. Шэрджэсри уэракъэ къыдэзыуштар? Уэращ! Ахэри бгъэжэкъуащ. Шапсыгъхэмрэ убыххэмрэщ жыхуэсIэр - укъызэмылыххэнур ахэращ!..»

- Абазэхэхэм уранэIибщ илъэсипщI хъуауэ. ПщIэ къыпхуащIрэ абазэхэм? Шэч къытепхьэркъэ абы? - и нэр къытриубыдэри генералыр къеупщIащ Мыхьэмэт-Iэмин.

- АбыкIэ щхьэ укъызэупщIрэ? - игъэщIэгъуащ нэIибым. - Шэч къытепхьэрэ?

- Сэракъым абыкIэ узэупщIыпхъэр. Езы абазэхэхэращ. - жиIащ Филипсон.

- Абазэхэхэр я пIэ изыгъэтIысхьэжыфар сэракъэ? Сэракъэ абазэхэхэр къывэзыгъэкIужар? - генералым гукъанэ хуищIу фэ зытригъэуащ Мыхьэмэт-Iэмин. - ПщIэ къысхуащI си гугъащ нобэр къыздэсым.

- Иджы-щэ?

- Пщэдей къэхъунур хэт ищIэрэ? Зэ уэфIщ, зэ уэлбанэщ...

- Псалъэ Iущщ...

- Аракъэ сакъыхэкIыжын мурад щIэсщIар. ЗысIэжьэ хъунукъым. Мэрем къакIуэ хасэ зэхуэсшэсынущ. Абазэхэ тхьэмадэхэр кърихьэлIэнущ хасэм. УнакIуэрэ Бытырбыху пIащIэгъуэкIэ сраджэу яжепIатэмэ, къысхуэпщIэну псор къысхуэпщIат. Мы зэм сикъыумыгъэщIэхъу, Тхьэр узогъэлъэIу.

Генералым фIэтхьэмыщкIэ хъуащ нэIибыр.

- Унагъуэр-щэ? - къеупщIащ Филипсон.

- Си унагъуэр Абазэхэм къизнэнущ зэкIэ, иужькIэ ныскIэлъыкIуэжынщ. Абазэхэхэм сывубыдауэ, гъэр сыфщIауэ яжепIэми содэ.

- Хьэуэ, ар хъункъым. Ар яжетIэмэ, абазэхэхэр къызэдилъынщи, я нэIибым къыкIэлъыпхъэрынщ: ущранэIибкIэ, уахъумэн хуейуэ къатохуэ - аракъэ адыгэ хабзэм жиIэр?.. Бытырбыху укIуэн хуейуэ пащтыхьым унафэ ищIауэ яжетIэнщ абазэхэхэм. Езы абазэхэхэм я Iуэху зэрыхъунумкIэщ пащтыхьыр къыщIыпхуейр. Ар хъункъэ?

- Хъун хуэдэщ... Абазэхэхэр къыскIэлъыпхъэрынкIэ сошынэ...

- Къэзакъ шууищэ пщIыдгъунщ, - жиIащ генералым.

- Ар куэдыIуэщ. Шу зыбгъупщI си гъусэмэ, арэзы сыхъунущ.

- Хэт уи пIэ къибнэнур? Хэт хуэпщIрэ дзыхь? - къеупщIащ генералыр.

- НэIиб яхуэхъун я гъунэжщ абазэхэхэм. Си хъумакIуэрами ядэнущ. Жьэ щIэт закъуэмэ, - пыдыхьэшхыкIащ Мыхьэмэт-Iэмин. - А къулыкъум Iэджэ щIонэцI, зэщыхьэжынкIи мэхъу, ар зэпаубыду.

«Мыр зэ си натIэм икIащэрэт, - жиIащ генералым игукIэ. - И гум илъыр зыщ, и жьэкIэ жиIэр нэгъуэщIщ. Абазэхэхэм я нэIибащ, иджы ауан ещI, ящодыхьэшх. Зэпыту укIуэ, егъэзыпIэ пхуэхъун бгъуэтмэ».

Мыхьэмэт-Iэмин и Iэр къиубыдыжащ генералым:

- Гъуэгу махуэ! Сакъ, умыбэлэрыгъ. УзэрыкIуасэр къащIэмэ, абазэхэхэр къыпкIэлъыпхъэрынщи, лъэмбытI уагъэчынкъым!

- ЗыщIэзгъэхьэмэ! Псыжь сызэпрыкIмэ, дэнэ сыкърахыжын?..

* * *

АДЫГЭ хэкум куэд щIауэ къыхуэнэхъуейт урыс дзэпщхэр. Ди щIым къещэ зэрыпхъуакIуэ мащIэ щызэблэкIакъым абы: Суворов, Ермолов, Барятинскэр, Засс, Вельяминов, Филипсон, Евдокимов сымэ, нэгъуэщIхэри. Генерал Раевскэм и закъуэщ ди хэкум и псэм къемыщар...

Генерал Евдокимовыр 1804 гъэм Наур станицэм къыщалъхуащ. И адэр Уфа и Iэшэлъашэм къыщалъхуащ, Шэшэным лъы щигъэжащ, дзэм къыхэкIыжа нэужь, Наур станцым щыпсэуащ, щылIари щыщIалъхьэжари аращ. И адэм иIэ фIыщIэм и хьэтыркIэ Евдокимов Николай гу къылъатащ, ирагъэджащ, дзэм хагъэхьащ. Сэлэтым къыщыщIидзэри, полковникым нихусащ.

Нэгъабэ, 1859 гъэм, Щамил зыубыдар Евдокимовырщ, абы щхьэкIэ генерал ящIащ. Кавказым и тет Барятинскэм Евдокимовым и пщэ къыдилъхьащ: адыгэ хэкур икIэщIыпIэкIэ зэрыпхъуэн хуейщ.

Генерал Филипсон поплъэ Евдокимовыр, къалэн къыщащIам тепсэлъыхьын хуейщи. Зэтеплъэ хъуркъым урыс генералитIыр, итIани зэхуэмызэнкIэ Iэмал иIэкъым - я къалэн ягъэзэщIэн хуейщ.

Илъэс щэщIым щIигъуауэ дзэм хэтщ Евдокимовыр, лъы зэригъажэ Iэщэр щигъэтIылъа къэхъуакъым. Арат зэрыгушхуэр: «Топ уэ макъ щызэхэсхкIэ, си гур мэпсэху, бгырыс хьэдэхэм сызэребакъуэм срогушхуэ...»

Адыгэхэм я псэлъафэщ: «Е зылэжьыр ем Iуоуэ». Евдокимовым щхьэкIэ пхужыIэнутэкъым ар. Лъы игъажэ зэпытщ, ауэ абы щхьэкIэ губгъэн къыхуэзыщIа ирихьэлIакъым. Игу зыгъэныкъуэр и нэкIущхьэм телъ дыркъуэрщ - шэшэнхэращ къытезыдзар. Аращ абы «нищкIэ» щIеджэр...

«Шэрджэсхэм щIэх дыдэ ягъэунэхунщ ауан сыкъэпщI хъунрэ мыхъунрэ», - йогупсыс Евдокимовыр, къикIукI-никIукIыу жыхафэгум здитым.

ЩIызэгуэпар хэт ищIэн: и нэщхъыр зэхилъхьэри стIолым бгъэдэтIысхьэжащ Евдокимовыр. Здэщысым, и нэгу къыщIохьэж Щамил къызэрыIэрыхьа щIыкIэр. Гуниб жылэр бгыщхьэм исщ, къуршыбгъэм и абгъуэ фIэкIа пщIэнукъым. Щамил и быдапIэм ухудэплъеймэ, уи пыIэр пщхьэроху, апхуэдизкIэ лъагэщ, задэщи. Зы лъагъуэ закъуэщ бгым узэрыдэкIыфынур. Урысыдзэм къаувыхьащ жылэр. Махуищ мэхъури, жылэм езэгъыркъым: Iимамым и зауэлIхэр къахоуэ, я пэр ятын хьэзырщ. Я псэр ямытауэ я бийм зратынукъым. Полковник Евдокимовыр, сэлэтищэрэ щэ ныкъуэрэ зыщIигъури, мюридхэр зыпэмыплъа лъэныкъуэмкIэ къыщебгъэрыкIуащ. Шамил щаубыдащ бгыщхьэм ис жылэм...

«Зыубыдар сэрат, фIыщIэр фельдмаршал Барятинскэм лъагъэсащ, - шейздефэм игу къегъэкIыж Евдокимовым. - Губгъэн яхуэсщIыркъым, си цIи къраIуащи, Тхьэр арэзы къахухъу. Фельдмаршалым генерал цIэр къысфIригъэщащ, пащтыхь дотэри дамыгъэ лъапIэкIэ къызэтащ. Иджы, мис, шэрджэсхэр згъэбэяун хуейуэ си пщэ къралъхьащ. Бэяун ямыдэмэ, зэтезукIэнурэ я лъапсэм псы изгъэжыхьыжынущ. Сыт есщIэми яхуэфащэщ шэрджэс жыIэмыдаIуэхэм. Генерал Филипсон и щхьэр къегъэпцIэж, абазэхэхэм епсэлъылIэурэ. Шэрджэсхэм я щIыр, къанэ щымыIэу, Урысейм ей хъун хуейщ! Урысхэр ирикъурэ къадэхуэIамэ, аращ шэрджэсхэм щхьэкIэ дигу пыкIын хуейр...»

Евдокимовыр гупсысэм къыхишащ лъэ макъым: майор Уланскэр къыщIыхьэри, генерал Филипсон къызэрысар къыжриIащ.

- КъыщIэшэ, - жиIащ Евдокимовым, и Iэр и щIыбкIэ щызэридзауэ щхьэгъубжэм здыбгъэдэтым. Бжэр къыщыкIыргъым зэплъэкIащ, пыгуфIыкI зищIри, и Iэр генерал Филипсон хуишиящ. - Еблагъэ, Григорий Иванович. УкъызэрыкIуар си гуапэщ. Шэрджэсхэм уаIууакъэ, дауэрэ уакъыблэкIа? Дауэ защIрэ, ди унафэм къеувэлIэн я мурадкъэ шэрджэсхэм?

- Абазэхэхэр я пIэ итIысхьэжа хуэдэщ, дызыгурымыIуэр шапсыгъхэмрэ убыххэмрэщ, - жиIащ Филипсон. - Абыхэм я гугъу пхуэсщIын ипэ сынохъуэхъунущ генерал узэращIам, орден лъапIэ къуэзэратам щхьэкIэ. Тхьэм уригъэфIакIуэ, Урысейм ухуолажьэри, нэхъыбэжи пхуэфащэщ. Уэракъэ Щамил зыубыдар - уэр фIэкI ар зыми хузэфIэкIынутэкъым.

- Тхьэразэ къыпхухъу, генерал, ауэ а Iуэхум сэ хэсщIыхьар мащIэщ. Фельдмаршал Барятинскэращ абы дыхуэзыунэтIар, сэ абы и унафэр згъэзэщIауэ аркъудейщ. Ди пащтыхь дотэр куэдрэ тхурепсэу, дэ дысэлэтщ, абы и унафэр дапщэщи дгъэзэщIэн хуейуэ ди пщэ къыдохуэ.

- Узахуэщ, генерал, - жиIащ Филипсон. - Аращ тхуэфащэр.

- УкъыщIезгъэблэгъар бжесIэнщ иджы. СыбзыщIынкъым: Абазэхэхэм я Iуэхум дегъэгузавэ дэ. Абыхэм депсалъи дагурыIуи хъун си гугъэкъым. Нобэ щыщIэдзауэ зэхэсхын сфIэфIкъым абазэхэхэм дагурыIуауэ, къыдэкIужауэ фэ зытрагъэуа щхьэкIэ ахэр хьэщэхурыпхъуэщ. Абазэхэ хьэщхьэрыIуэхэм дащIыгурыIуэн щыIэкъым, зауэр кIыхьлIыхь тфIащIынущ абыхэм - аращ абазэхэхэм депсалъи дагурыIуи щIэмыхъунур.

- Ар ди акъыл закъуэкIэ длэжьа Iуэхукъым... - Псалъэр IэщIихын мурад ищIат Филипсон, ауэ Евдокимовыр къыпэрыуащ:

- Ар дыгъуасэщ, вэсэмахуэщи, зэфIэкIащ. Iуэху пIэщIэгъуэ къытлъыкъуэкIащ, абы дытепсэлъыхьын щхьэкIэщ укъыщIезгъэблэгъар. Уэри зэхэпхагъэнщ: шапсыгъхэм, убыххэм, абазэхэхэм меджлис къызэрагъэпэщын мурад ящIащ, Европэм зыщагъэIун щхьэкIэ. Ар яхуэбдэнкIэ Iэмал зимыIэщ. Лъы щыдгъэжащ мы лъахэм! Уи Iуэхур щызэфIэкIащ Шэрджэсым. Тифлис укIуэн хуейуэ къалэн къыпщащIащ. Абазэхэхэм пцIы якIэлъызепхьауэ къащымыхъун щхьэкIэ, IэнатIэщIэ къуатынущ, си унафэм ущIэтынущ дяпэкIэ.

- Пащтыхьымрэ хэкумрэщ къулыкъу зыхуэсщIэр! - жиIащ Филипсон.

ЗаулкIэ зиIэжьэри, Евдокимовым и псалъэм къыпищащ:

- Уи щхьэм ирумыгъажэ, генерал. Сыт пщIэн: дэ псори дысэлэтщ, унафэ къытхуащIмэ, дгъэзэщIэн хуейуэ ди къалэнщ... НакIуэ, шеибжьэ зырыз дефэнщ. СыноупщIынути, даIимауэ сщогъупщэ: хэт Мыхьэмэт-Iэмин и пIэ ирагъэувауэ жыхуэпIэр? И цIэр сщыгъупщэжащ, ауэ абы и къуэшыр си псэм къызэрещар сощIэж - сыIуипIэ пэтащ. СыIуипIэнуи къыщIэкIынт, сэ япэ симыщатэмэ: си шэм къелакъым...

* * *

ГЕНЕРАЛ Филипсон гъуэгуанэ жыжьэ зэрытехьам и хъыбарыр дэни нэсащ - Шэткъали, Лабински, Мейкъуапи, Бжьэдыгъукъали. Шапсыгъхэми убыххэми я деж нэсащ хъыбарыр.

Абын, Ил, нэгъуэщI жылагъуэ куэди зэтрафыщIакIэт, зэтрагъэсхьат, цIыхур хы ФIыцIэм и Iуфэм Iуахуат. Урысыдзэм дзэпщ хуэхъунур хэт дяпэкIэ - ар къазэрыфIэIуэху щыIэтэкъым хы Iуфэм щызэтелIэ шэрджэсхэм. А къулыкъур хэт IэщIалъхьэми я зэхуэдэт адыгэхэм, абы щхьэкIэ зыми зихъуэжынутэкъым - ар къагурыIуэрт шэрджэсхэм. Убыххэми садзхэми къазэрыфIэIуэхуа щыIэкъым а хъыбарыр. Абазэхэхэрат абы нэхъ тегузэвыхьыр - урысхэм ягурыIуауэ ялъытэрт абыхэм, я пIэ изэгъэжауэт къазэрыщыхъур. «КъытхэIэбэIамэ» жари арагъэнт щIэгузавэр абазэхэхэр.

* * *

1861 гъэм и гъатхэт. Бэрзэдж Джырандыкъуэ щхьэгъубжэм доплъ, и нэр хы уфафэм къыхутечыркъым. Илъэс хыщI нэхъыбэ ептынкъым хьэжым, цIыху Iэчлъэчт, щхьэпэлъагэкIэ уеджэнтэкъым. «ЩIалэ гъакIуи, кIэлъыкIуэж» - хьэжым игу къэкIыжащ адыгэ псалъэжьыр, и къуэр къызэрыгувэм щхьэкIэ мэгузавэ. И къуэр, Ислъэмбэч, здигъэкIуар Абазэхэращ, абы и Iуэху зытетыр зригъэщIэн щхьэкIэ.

«Бгым исщи, къапэплъэр ящIэркъым, - жиIащ Джырандыкъуэ игукIэ. - Мыхьэмэт-Iэминрэ инэрал Филипсонрэ къызэрагъэпцIар щхьэ къагурымыIуэрэ? Дэкум хуэдэущ къызэрагъэпцIар! Къэбэрдейхэм ядэплъейри, абазэхэхэр урысхэм екIужащ - ар къащхьэпэн я гугъэмэ, щоуэ. Ермоловым вакъэ зэв иригъэуващи, къэбэрдейхэм я Iуэхури щIагъуэкъым, беслъэнейхэми я жьэ щапхами ярейщ - я хъыбари къэIуркъым. Дэ дыкъэзымыгъэпцIа щыIэж! Тыркухэм тхьэ щаIуэртэкъэ къыддэщIыну. КъызэрыщIидзыжам еплъ: я щIыб къытхуагъэзэжри Урысейм дращащ. Инджылызхэми франджыхэми IэджэкIэ дыкъагъэгугъащ, утыкум дыкърамынэну къыджаIэурэ кIэбгъу защIыжащ - къытхуащIа щыIэкъым. Езы адыгэ лъэпкъхэр-щэ? Зэкъуэувэным, зэдэзэуэным и пIэкIэ щхьэж и куэбжэпэ щозауэ, зэдэшэсын мурад яIэкъым - я пщIыхьэпIэм къыхэхуэркъым ар. Урыс пащтыхьым ди щIыр еубыд, лъапсэрыхыр къытхуегъакIуэ, дэ ди IитI зэтедзауэ дыщысщ, ди щIыр къызэрабзыхьым щхьэкIэ дил узыркъым. Занокъуэ Сэфарбий цIыху губзыгъэт, жыжьэ плъэфырт - адыгэ лъэпкъхэр зэгуигъэхьэн и мурадащ. И ахърэтыр нэху ухъу... Абы дедэIуамэ, иужькIэ къытщыщIа псор къытщыщIынутэкъым. И къуэм, Занокъуэ Сэфарбий, Тхьэм хузэфIигъэкI и мурадыр: Меджлис къызэригъэпэщын хьисэп иIэщи, ар къехъулIэмэ, цIыхум гукъыдэж къаритынут. Меджлис диIэ хъумэ, абы и цIэкIэ дуней псом захуэдгъэзэнщ: дызыхэзыщIыкIын гуэр къытекIынкъэ мы дунеишхуэм. Ди хуитыныгъэм дыщIэзэунущ, ди псэр пытыху - ар я фIэщ ирехъу хэти. НэгъуэщI хэкIыпIэ слъагъуркъым...»

* * *

КАВКАЗ Ищхъэрэм ижьижьыж лъандэрэ адыгэ лъэпкъ пщIыкIутI щопсэу: абазэхэхэр, шапсыгъхэр, бжьэдыгъухэр, кIэмыргуейхэр, къэбэрдейхэр, мэхъуэшхэр, натхъуэджхэр, адэмийхэр, еджэрыкъуейхэр, беслъэнейхэр, хьэтыкъуейхэр, убыххэр. ЩIыри хъупIэри я куэдщ адыгэхэм, я къуршхэр задэщ, я мэзхэр щхъуантIэщ, япсхэр уэрщ. Гъэмахуэр кIыхь щохъу адыгэ хэкум, я щIымахуэр кIэщIщ, я бжьыхьэр щхъуэкIэплъыкIэщ, я гъатхэр пэрымэм зэщIещтэ, я жэщхэр бзыгъэщ, я махуэхэр уэфIщ. КIэщIу жыпIэмэ, жэнэтым исщ адыгэхэр.

Кхъужьей жыг лъагэм и жьауэм хэтщ Бэрзэдж Джырандыкъуэрэ зы щIалэрэ. Махуэр хуабэщ, дыгъэр мэдзакъэ, ауэ тIуми зыхащIэркъым ар: адыгэ фащэр ящыкъузащ, гъуэгу техьэным зыхуащIа хуэдэщ, я сэшхуи я къами я бгым ищIащ, я кIэрахъуэри хьэзырщ.

Бжьэпэм тетщи, ялъагъу урыс кхъухьхэр - хы Iуфэм щыплъырщ ахэр.

«Меджлисым и хъыбар щыдгъэIунщ дуней псом, - ар и щхьэм икIыркъым убых дзэпщым. - Урысхэм депсэлъэнщ япэщIыкIэ, мафIэ къызэрытщIадзам щхьэкIэ къэдгъэнэнкъым. ДызэгурыIуэмэ, нэгъуэщI дыхуейтэкъым. Тыркуми, Инджылызми, Франджыми депсэлъэнщ итIанэ, лIыкIуэ яхуэдгъэкIуэнщ. Ауэ ахэр къыдэбзэджэкI зэпытщ...»

Джырандыкъуэ къыбгъэдэс щIалэр Абазэхэм къикIащ.

- Шэрджэс меджлисым бжьэдыгъухэмрэ къэбэрдейхэмрэ ящыщ хыхьэнукъэ? - Джырандыкъуэ къеупщIащ абазэхэ щIалэр.

- Абыхэм дзыхь ебгъэз хъунукъым: ахэр Урысейм еувэлIащ.

- НэIибым и зэманым дэри, абазэхэхэр, урысхэм дефIыжауэ щытащ.

- Ущоуэ. ФефIыжакъым, псалъэ гъущэ зэIыфхауэ аркъудейщ, - жиIащ Бэрзэдж Джырандыкъуэ. - ЗэгурыIуамэ, абазэхэхэм я хэкури зэрапхъуэри урысхэм. НэIибым фигъэжэкъуауэ аркъудейщ, дэкум хуэдэу фыкъигъапцIэри, езым хьэрэкIуэсэкIэ ищIащ... Евдокимовыр хьэщIагъуащ Бэрзэдж Джырандыкъуэ и къуэ Ислъамрэ нэгъуэщI зылIрэ. Щызэхуэзэн хуей щIыпIэр ягъэнэхуати, абы нэсри Шэрджэс меджлисым и лIыкIуэхэр епсыхащ. Евдокимовырат зыIущIэн хуейр. Ари къэсащ. Хуейм къихьащ ар. Къэзакъ шу зыбгъупщI щIыгъущ.

- Фыкъэзгъэгугъати, сыкъэкIуащ, - жиIащ Евдокимовым. - Депсыхынкъым, уанэгум дызэрисуи дызэпсалъэ хъунущ. ЗытIэжьэн мурад диIэкъым. Фигу къеуэр къызжефIэ.

- Абазэхэхэм, убыххэм, шапсыгъхэм я меджлисым дрилIыкIуэщ, - жиIащ Занокъуэ Къарэбатыр. - Дывэпсэлъэн щхьэкIэщ дыкъыщIэкIуар. Меджлисыр Шэрджэс къэралым и унафэщIщ...

Занокъуэм и псалъэр нригъэгъэсакъым Евдокимовым:

- Апхуэдэ къэрали апхуэдэ меджлиси сщIэркъым сэ. Си щыпэзэхэхщ.

- Апхуэдэ къэрали апхуэдэ меджлиси къыщызэдгъэпэщащ адыгэ хэкум, - жиIащ Занокъуэ Къарэбатыр.

- Абы щыгъуэ си жэуапыр мыращ: сэ сысэлэтщ, нэгъуэщI къэралым и лIыкIуэм сепсэлъэн хуейуэ си пщэ дэлъкъым. НэгъуэщIкIэ фыкъызэупщIынумэ, фызыщIэлъэIун щыIэмэ, схузэфIэкIыр фхуэсщIэнщ, - жиIащ Евдокимовым.

- ДызэрынолъэIунур зыщ, генерал: ди щIым фикIыж, къэзакъхэри ифшыж. Гъуэгуи тхуэвмыщI, лъэмыжи тхутевмылъхьэ ди псы уэрхэм - дахуэныкъуэкъым, - къыпищащ Занокъуэ Къарэбатыр и псалъэм. - КъыджумыIэми, дыщыгъуазэщ уи жэуапым. Урысеймрэ Тыркумрэ зэрызэгурыIуар дощIэ. Ди нэщIыбагъкIэщ зэрызэгурыIуар, акъылэгъу дадэхъунукъым къэралитIми.

- Къэралхэм я унафэр скъутэжын щхьэкIэкъым сыкъыщIэкIуар, - жиIащ Евдокимовым, тэмакъкIэщI къэхъуауэ. - Губгъэн пхуэсщIыркъым, Занокъуэ, фхуэдмыщIэфынур къытпэбубыда щхьэкIэ. Зауэм дыхэтщ, ди пащтыхьымрэ ди къэралымрэ си пщэ къыдалъхьар согъэзащIэ. НэгъуэщIкIэ фыкъысхуэмеймэ, сожьэж. ПсыхэкIуадэщ ди зэIущIэр, сыкъэкIуэххэни хуеякъым, - жиIащ Евдокимовым, шыщхьэр ириIуэнтIэкIри. - Кавказым и тетым зыхуэвгъэзэн мурад фщIауэ зэхэсхащ. Тифлис дэсщ Кавказым и тетыр. Хъыбар фхуезгъэщIэнщ.

Къэзакъ щхьэхъумэхэр и ужь ищIауэ, Евдокимовыр ежэжьэжащ, и щыб Шэрджэс меджлисым и лIыкIуэхэм къахуигъэзэри.

* * *

1861 гъэм гъэмахуэку мазэм и пэщIэдзэм Шэрджэс меджлисым и лIыкIуэхэр - Бэрзэдж Джырандыкъуэ, Бырдж Хьэсэн, Тхьэгъущэ Исмел сымэ Тифлис нэсащ. ЛIыкIуэхэр Кавказым и тет фельдмаршал Барятинскэм и хэщIапIэм екIуэлIащ. Куэбжэм деж офицер къыщыIущIащ.

- Фыхэт, сытым фыкъытекIухьа? - къеупщIащ офицерыр.

ЛIыкIуэхэм я цIэ ираIуащ, Кавказым и тетым хуэзэн зэрыхуейр офицерым жраIащ:

- Генерал Евдокимовыращ апхуэдэ чэнджэщ къыдэзытар.

- ЗаулкIэ фыкъыспэплъэ: хъыбар фэзгъэщIэжынщ.

Офицерым щIэх дыдэ къигъэзэжащ:

- Бэрзэджыр дэтхэнэра?

- Сэращ.

- Уэрамэ, накIуэ. Адрейхэр мыбдеж къыщытпэплъэнщ - аращ унафэр.

Барятинскэр зыщIэс сэрейм щIашащ Бэрзэдж Джырандыкъуэ. ЩIаша щхьэкIэ, фельдмаршалым хуагъазэркъым: ежьащ, пщэдей къэсыжынущ - аращ къыжраIар.

- Гъуэгу кIыхь фытетащ, пщэдей пщIондэ зывгъэпсэху...

Нэху ягъэщри, трагъэзащ. Барятинскэм Iуагъэщlакъым. Езыгъэблэгъар абы и къуэдзэращ - генерал-адъютант Орбелиани. Абы и стIолым трилъхьащ Джырандыкъуэ здихьа тхылъымпIэр.

ТхылъымпIэм ирижэри, Орбелиани и нэр къиIэтыжащ:

- Мыбы къикIын щыIэкъым. Фи щхьэр къывогъэпцIэж.

- Уи пащхьэ ислъхьар Шэрджэс меджлисым и тхылъщ. Меджлисыращ мыр си пщэ къизылъхьар, - жиIащ Бэрзэдж Джырандыкъуэ, генерал-адъютантым ней-нейуэ еплъри. - Меджлисыр хэзыхар Шэрджэс къэралыгъуэращ. Шэрджэс лъэпкъхэр зэгухьэри къэрал яухуащ. Абы дрилIыкIуэщ дэ.

- Кавказым апхуэдэ къэрал къызэрыщыунэхуам сыщыгъуазэкъым сэ, - жиIащ Орбелиани.

- НэгъуэщI къыджепIэнукъэ? Генерал Евдокимовым уигъэIущами ярейщ уэ! - къэлыбыным нэсат Бэрзэдж Джырандыкъуэ.

- Сэри генерал Евдокимоври дызыхуэлажьэр Урысей къэралыгъуэращ. Меджлис жыхуэпIэр зэбгрывутIыпщыкIыжи, Iэщэр вгъэтIылъ, фи пIэ фитIысхьэжи, фызыхэс къэралым фыхэзагъэ. Сэ нэгъуэщI бжесIэнукъым.

- НэгъуэщI къыджевмыIэнумэ, пщIэншэрыкIуэ дыхуащ. Захуэмрэ къуаншэмрэ зэхэдмыгъэкIауэ детIысхынукъым: Бытырбыхуи дынэсынщ, Тыркуми, Инджылызми, Франджыми дыкIуэнщ...

Ар жери, Бэрзэдж Джырандыкъуэ Шэрджэс меджлисым и лIыкIуэхэр гъуэгу тришэжащ.

*ЗэздзэкIар* **КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ.**

*(КъыкIэлъыкIуэнущ).*

Джэш щIыпIэм щызэхуос Шэрджэс меджлисым хэт лIыкIуэхэр. *Сурэтыр* **Бёлл Джеймс** *ищIащ. 1850 гъэ*

●Хъыбар гуапэ

Хъутат Луизэ хъэщIэхэм захуегъаз.

# Щхьэлыкъуэдэсхэм хуащIа тыгъэ

**Щхьэлыкъуэ хуажэм дэт еIуанэ курыт еджапIэм иджыблагъэ гуфIэгъуэ мазхуэшхуэ щекIуэкIащ - школым егъэщIылIауэ яухуа сабий садыщIэм и бжэхэр хуэзIуахащ ильэсэ 2 - 7 зи ныбжь цIыкIуи 160-м. Щыхуэ мин 11 щыпсэу къуажэшхуэм папщIэ а Iуэхугъуэр икъукIэ гуфIэгъуэшхуэщ.**

Жаным Руслан и псалъэ.

ГУФIэГЪУЭМРЭ дзэжэгъуэмрэ я гум щызэ еджапIэ пщIантIэ хуитым щызэхуэса сабий цIыкIухэмрэ адэ-анэхэмрэ къахуеблэгъат хьэщIэ лъапIэ куэд. Абыхэм ящыщщ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и апэ къудзэ **Жаным Руслан**, республикэм и Iэтащхьэм и Администрацием и УнафэщIым и къуэдзэ **Власов Александр**, Шэджэм щIынальэм и щIыпIэ администрацием и Iэтащхьэ **Бакъ Руслан**, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Абазэ Барэсбий**, «Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкэрэкъудамэм и исполкомым и унафэщI **Канунниковэ Татьяна**, Парламентым и депутатхэр, къуажэхэм я администрацэхэм я лэжьакIуэхэр.

Къызэхуэсахэм я пащхьэ къыщыпсэльа, сабий садым и унафэщI **Хьутат Луизэ** жиIащ а еджапIэ хьун Iуэхугъэм ильэс 500-м нэс зэкIуалIэ хъун Iуэхугъэм ящыщ зэманкIэщIым зэгащIэрэ мылькудэу къыщыхэзIутхьну ди мурадщ икIи абыхэм я нэхъ инхэм ящыщщ нобэ зи бжэхэр зэIуаха мы унэр. Шэч къытехьэркым нобэрей ди гъэсэн цIыкIухэр лъэпкыр дыдэзэрыгушхуэн щIэблэу къызэрытщIэувэнум, - жиIащ абы.

**Жаным Руслани** къызэхуэсахэм захуигъэзащ хьуэхъу псалъэхэмкIэ икIи къыхигъэщащ ахэр щызэхуэса Iуэхугъуэр «Сабий садхэр - сабийхэм папщIэ» республикэ программэм ипкъ иткIэ гъэзэщIапхъэхэм ящыщу зэрыщытыр, щIыхэм я псэукIэм нэхъри зиужьынымкIэ абы мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

Садым и гъэсэн цIыкIухэм ягъэхьэзыра концерт цIыкIур ягъэлъэгъуа нэужь, Бакъ Руслани Владов Александрэ щIыхьэпIэм щызэпраша ленТI плъыжьыр зэпаупщIри, «дыщэ ГункIыбзэ» Iухыр» Хьутат Луизэ Iащ Iалъхьащ. Абы и ужькIэ хьэщIэхэр ирагъэблэгъащ сабий садым и пэшхэм. Зыхуеину псомкIи кьызэгъэпэща пэш хунгхэр сабийхэм я ныбжьыр къэлыгтаУз зэпыIуХащ: джэгуплэхэм, шхапIэхэм, зыгъэпсэхупIэхэм, щыжеину пэшхэм щIэлъхьэпшыпхэр псори щIэуэ къащэхуащ. ХьэщIэхэм псом хэмыдзу ягу ирихащ спорт и лъэныкъуэкIэ сабийхэм зегъэужьыным, я узынщагъэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа залышхуэмрэ абы къыщагъэсэбэп Iэмэпсымэхэмрэ.

Хьутат Луизэ къызэрыджиIамкIэ, гъэсакIуи 10-рэ абыхэм я дэIэпыкъуэгъуу цIыхуи 5-рэ я лэжьыгъэ IэнатIэхэм пэрыуащ нобэкIэ къащта сабии 120-м ядэлэжьэну. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, щIэныгъэ зыбгъэдэлъ цIыхуэхэр кьуажэм лэжьапIэнишуэ дэмысу, сабийхэм яхэтыну Iэмал ягъуэтащ.

- Гъэсэныгъэ екIу зыхэль цIыху нэсу ди щIэблэр жыларгъуэм хэгъэхьэныр дэтхэнэ адэ-анэмэ кьэралми кьаращIыкIэ абы мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

Садым и гъэсэн цIыкIухэм ягъэхьэзыра концерт цIыкIур ягъэлъэгъуа нэужь, Бакъ Руслани Владов Александрэ щIыхьэпIэм щызэпраша ленТI плъыжьыр зэпаупщIри, «дыщэ ГункIыбзэ» Iухыр» Хьутат Луизэ Iащ Iалъхьащ. Абы и ужькIэ хьэщIэхэр ирагъэблэгъащ сабий садым и пэшхэм. Зыкъуэнгу псынщIэу а цыгур иджыри кьэс зымэ кьитгъэIуригъащIэфакъым.

Мы гъэм зэхьэзэхуэхэм хэтыну гукъыдэж ящIащ къэралиц 10-м - Урысейм, Украинэм, Белоруссием, Къазахстаным, США-м, Алыджым, Словакием, Польшэм, Серб республикэм (Боснимрэ Герцоговинэмрэ) я спортсмен 40-м. Абыхэм ящыщщ дуней псом щыцIэрыIуэ испан атлет Хорнет Килиан. Ар дунейпсо скайранингым ятIэ увыпIэр щызыIыгъ спортсменщ, Монблан, Маттерхорн псынщIэу дэкIыныжмкIэ рекорд зыгъэуващ.

КъызэгъэпэщакIуэхэм кьызэралытэжкIэ, апхуэдэ фестивалым Къэбэрдей-Балъкэрым туризмэр щригъэфIэкIуэнущ, Iуащхьэмахуэ лъапэ, зэрыщыту Кавказым зыщагъэпсэхуну Iэмал гъуэзэджэ зэрыщыIэм куэд щигъэгъуэзэнущ. Сочэ щекIуэкIыну Олимп Джэгуэм ирихьэлIэу лейуэ уи цIэр фIыкIэ бгъэIунми мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Хабзэ зэрыхьауэ, зэхьэзэхуэр хьэщIэхэмэ республикэм щыпсэухэмэ я дежкIэ гукъинэжу екIуэкIынущ.

**БАТЫР Марьянэ.**

●Дунейпсо зэпеуэ

## Iуащхьэмахуэ къапоплъэ

**Iуащхьэмахуэ щыгу псынщIэу дэкIыным теухуа VIII International Elbrus Race дунейпсо зэхьэзэхуэ яджы еянэу фокIадэм и 20-м екIуэкIынущ. Ар къызэрагъэпэщауэ щытащ спортсмен-альпинист щIэрыIуэхэм я жэрдэмкIэ. Иджы ахэр ирогушхуэ а зэхьэзэхуэхэм екъуIэныгъэхэр щызыIэрызыгъэхьа цIыху гъэщIэгъуэнхэр зэрыхэтым.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР етIуанэу щрагъэжьэкIыжкIи (2006 гъэм) аргуэру зы гъуэгу, «ЭкстримкIэ зэ ддкэр къыхагъэхьащ, Азау хуейм кьыщежьэу (метр 2400-рэ и лъагагъщ). 2010 гъэм зэхьэзэхуэм «Экстримгъэугъанэм и чемпион хьауэу щытащ Польшэм и спортсмен Баргиель Анджей. Ар сыхьэти 3-рэ дакьикъэ 23-рэ секунд 37-кIэ Iуащхьэмахуэ щыгу кьыщыхутат.

Абы хуэдэу псынщIэу а цыгур иджыри кьэс зымэ кьитгъIуригъIэфакъым.

Мы гъэм зэхьэзэхуэхэм хэтыну гукъыдэж ящIащ къэралиц 10-м - Урысейм, Украинэм, Белоруссием, Къазахстаным, США-м, Алыджым, Словакием, Польшэм, Серб республикэм (Боснимрэ Герцоговинэмрэ) я спортсмен 40-м. Абыхэм ящыщщ дуней псом щыцIэрыIуэ испан атлет Хорнет Килиан. Ар дунейпсо скайранингым ятIэ увыпIэр щызыIыгъ спортсменщ, Монблан, Маттерхорн псынщIэу дэкIыныжмкIэ рекорд зыгъэуващ.

КъызэгъэпэщакIуэхэм кьызэралытэжкIэ, апхуэдэ фестивалым Къэбэрдей-Балъкэрым туризмэр щригъэфIэкIуэнущ, Iуащхьэмахуэ лъапэ, зэрыщыту Кавказым зыщагъэпсэхуну Iэмал гъуэзэджэ зэрыщыIэм куэд щигъэгъуэзэнущ. Сочэ щекIуэкIыну Олимп Джэгуэм ирихьэлIэу лейуэ уи цIэр фIыкIэ бгъэIунми мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Хабзэ зэрыхьауэ, зэхьэзэхуэр хьэщIэхэмэ республикэм щыпсэухэмэ я дежкIэ гукъинэжу екIуэкIынущ.

**БАТЫР Марьянэ.**

●КъБР-м щыIэ МВД-м къет

## Зеим Iэрагъэхьэж

**И унэм деж щигъэува «ВАЗ-21074» автомашинэр щимыгъэтыжым, ар зеим зашIэу полицэм зыхунигъэзащ. Машинэр езыхужьа бзаджащIэр къэгъэутыным яужь ихьа хабзэхьэмахуэм Iуэхуэ куэдкIэ щиригъэсыпщIащ псынщIэу хъыбар зэрагъэрыхьам.**

СЫХЬЭТ зыбжанэ нэхь дэмыкIауэ яубыдащ а щIэпхьаджагъэр зылэжьар. Ар Прохладнэ къалэм щыпсэу, 1991 гъэм къалъхуа щIалэщ. Абы илужьамкIэ зиумысжащ.

Уголовнэ Iуэхугъэ къэIэтыным яужь итщ. Автомашинэр зеим Iэрагъэхьэжащ.

*Къэралыгъэ IуэхугъэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ Iанэ.*

Къэбэрдей-Балъкэр Республикэм и Конституцэ Судым и лэжьакIуэхэр КъБР-м и Конституцэ Судым и судыщIэ **Бликановэ Валентинэ Василий и пхъум** хуогуаз абы и щхьэгъусэ **Бликановым Валентин Андрей и къуэр** зэрыпIам кьыхэкIыму.

●Хъыбар гуапэ





Хъутат Луизэ хъэщIэхэм захуегъаз.

# Дахагъэм папщIэ къалъхуа

● Гъуаздж

**Макъ хьэлэмэтрэ теплъэ дахэрэ зиIэ, цIыхубз зэпIэзэрыт, зи гъэжьыгъэм темызашэ... Апхуэдэ псалъэ куэд хужьыпIэфынущ Налшык дэт Музыкэ театрым и артисткэ папщIэхэм ящыщ Нэ Джульеттэ.**

ДЖУЛЬЕТТЭ артист IэщIагъэм пасэу дихьэхащ. Абы бгъэщIэгъэнни хэпльхьым, сыту жыпIэмэ, къызыхуIа Iнагъэр дахагъэм хуэпсэхуэм ящыщщ. И адэ Iэнниар «Кабардинка» ансамблым и къэфакIуэу щытащ, и анэ Светланэ культпросвет училищэм и режиссёр къудамэр зэрыгъэщ. Я быныр езыхэм я лъагъэм ирикIуэжьыну зэрыхущIэкъым адэ-анэр щыгуфIыкIыпхьэт. АрщхьэкIэ адэм, гъуазджэм и Iэнатlэм ущылэжьэным пыщIа гугъуехьхэм щыгъуаз эти, пхъэм и мурадыр диIыгъыртэжьым. Дауэ щымыгъи, хъыджэбз ерыщым и хуэпсапIэм и Iэр тригъэхуащ. Шэч хэтъкъым, абы и артист зэчийм зыкъызэкъуиха ноужь, адэрэ абы зэрыщыгуфIыкIыжам.

Джульеттэ зыхэтхэм кьахэпэжькIыу, Налшык дэт музыкальнэ училищэм, нужькIэ Кавказ Ищхьэрэм гъуазджэхэмкIэ, институтым щеджащ. 2000 гъэ лъандэрэ Музыкэ театрым и артисткэщ. Ягъэ игъэзэщIахэм ящыщщ Штраус и «Летучая мышь» оперетэр.

- Сыдихьэхыу селэжьащ Адель и ролым, - иту кьеГъэкIыж Джульеттэ, - сыту жыпIэмэ, ар си хьэлым кьытехуэрт. Спектаклхэм нэхъыбэу кьыщыщспэщIэхуэр жыз зыщIэт цIыхубз цIыкIуэм я образэхэрщ. Си гугъэмкIэ, ахэри мыIейуэ кьызэхэхьуIэ. Апхуэдэщ режиссёр Теувэж Сультан игъэува «Щапхъэ зытрахым хуэдэщ. Театрым кьищынэмыщIауэ, а цIыхубз гъащIапхЬр дехьэх уэрэд жыIэнми. Уэрэдэхэм я нэхъыбэр езым етхьж, икIи цIыхуэхэм ягу дыхьэу етъэзащIэ. Утыкуэшхуэ зэрихьамкIэ, ди гъунэгъу республикэхэм мызэ-мытIэу и концертхэр зэрыщитамкIэ Джульеттэ фIыщIэшхуэ хуещI псальэкIи IуэхуэкIи зыкьыщIэзыгъэкъуэ Бейтыгъуэн Iэуес.

Джульеттэ гъуазджэмкIэ колледжым вокалыр щрегъэдж. И гъэсэн цIыкIуэр и бынхэм якъунгъадэу фIыуэ зэриIыгъэр бедджы ны къоуэу абыхэм я зэчийм, я къэкIуэнум щытепсэльыхькIэ:

- Культурэм и къежьапIэр гъэсэныгъэщ. Умыгъэсэмэ, тхьилъ уеджэжкIи театрым укIуэкIи уи культурэм куэд пхухэгъэхьуэнукъым. Ди щIэблэр щапхъэфIэхэм щIэпIыкIын хуейщ. Абы щыгъуэщ ахэр гъэса щыхьунур, я зэфIэкIым щыхэхьуэнур, ди культурэри ипэкIэ щыкIуэтэнур. ЁгъэджакIуэ Iэщагъэр сэ икъукIэ сигу ирохь, си гъэсэн щыкIуэм я зэфIэкIым дзрэжьгъуэ кьызет, дамэ кьыстрегъакIэ. Сэ езгъэджа хьыджэбз щыкIуэм Санкт-Петербург дэт университетым и эстрадэ-джаз къудамэм щIэтIысхьащ, зэгъуэсу дгъэхьэзыра программэмкIэ пхыкIри.

Дахагъэм кьыхухигъэщIа артисткэ Iэзэр икIи унэгъащIэ хъарзынэщ. Ёзыр зыщIапIыкIа хабзэхэм и щIалэмрэ и хъыджэбзымрэ хуегъаз. И щхьэгъусэм, нэгъэщIэ Iэщагъэ иIэми, ёгъэщIэр зыхихIыхьэ щыIэкъым. Унагъэр щIэгъэкъуэн нэс кьызэрыкъуэхъур Джульеттэ и екъуIэнныгъэхэм я хэкIыныр.

ЦIыхур щIэлажьэр шхэн кьудей щхьэкIэкъым. Лъэпкъыр уахьтыншэ зыщIыр абы и культурэрщ. Мэз Джульеттэ и хьуэпсапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ лъэпкъ культурэм нэхъри зиужьыныр. Дэрэ ди гуапэщ а хъуэпсапIэр нэрылъагъу хьуну.

**КЪАРЭНАШЭ Данэ.**

## Адыгэ псори фыкъыхудоджэ

Сирие Хьэрыпл Республикэм щекIуэкI зауэм и зэран зэкIа ди лъэпкъэгъуэхэм защIэгъэкъуэн мурадкIэ, Урысей Сбербанкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэ №8631-м счет хэха кьыщызэIуахащ. Ди къуэщ-шыпхъуэхэм ядэIэпыкъуну хуей дэтхэнэми мы счетым ахъшэ хилъхьэ хъунущ:

**ИНН 0711040610/ КПП 072101001**
**Расчетный счет 40703810060300000227**
**БИК 040702660**
**Корсчет 30101810600000000660**
**Кабардино-Балкарское ОСБ №8631,**
**г. Нальчик, ул. Пушкина/Кешокова, 33а/72**

Адыгэ псори фыкъыхудоджэ: IуэхуфI влэжьыным фепIэщIэкI! Фи дэтхэнэ сомри иджыпсту дэхуэха ди лъэпкъэгъуэхэм сабэп зэрахуэхьунум шэч кьытемыхьэ. Абыхэм даазрыкъуэзыным, зэрызащIэдгъэкъуэным Iэмалу щыIэр кьыхуэдагъэгъэсэбэп! Ди нэхъыжьыфIхэм купщIэшхуэ халъхьащ «Уэзкъуэтмэ - улъэщщI» псалъэхэм.

# Гъащ Iэр дощ Iэращ Iэ

●Гъэщ Iэгъуэнщ

БАХЪСЭН кьалэм дэт щIалэгъуалэ центрым иджыблагъэ щагъэлъэпIащ Дахагъэм и дунейпсо махуэр. Хьыджэбзхэм ирагъэлъэгъуащ напэхэмрэ щхьэщымрэ зэрыкIэлъыплъ щIыкIэр, сэхуэсэплъекIуу зэрызыхалъхьэнымрэ унэм щIэсу иэкIум зэрелIэлIэфынымрэ и щхьэхуэми хагъэгъуэзащ.

«Галактика» щIалэгъуалэ центрым узынщагъэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа и къудамэм и унафэщI Гугу Мадинэ зэIущIэм хэтхэм защыхуигъазэм кьыхихэщащ ижьижьыж льандэрэ ди бзылъхугъэхэм ящыщ нэхъ дахэ щымыIэу кьызэрыгъуэгурыкIуэр. Дахагъэр кьыбдалъхуауэ пхэлъми, зыкIэлъыплъыжьыи зэрыхуейр, абы пащщIэ уи щIыIалъэм дэлъ пхъэщхьэмыщхьэхэри зэрысэбэпышхуэр яжриащ. Апхуэдэуи мыхьэнэшхуэ иIэщ зэрызыбгъэпсэхуэм, уи узынщагъэм зэран хуэхьу хьэлмыхьумыщIэхэр зыхэнми, жьы кьабзэм ухэту нэхьыбэрэ кьэкIухьын, и зэманым ужеин зэрыхуейм.

Зэхьыхэм ипкъ иткIэ ирагъэкIуэкIащ «Удаэзну фIыщI» зыфIаща Iуэхури. Уи тепльэр зэребгъэфIэкIуэну, дахагъэм зэрыщыкIэлъыплъыну щIыкIэхэр зытет тхьылымпIэхэмрэ тхьыль цIыкIуэхэмрэ уэрамым цIыхуэхэм щыхуагуэщащ. Бзылъхугъэхэм ящыщ куэдым жаIащ апхуэдэ махуэшхуэ щыIэу зэрамыщIар, дахагъэм хуэхэа Iуэхуэхэр зэрагуапэр. Щхьэщ щыщащэ, бзылъхугъэхэм щащIэдаэ салон щIагъуэу кьуажэм зэрыдамытыр жаIащ зэрыхьэр жаIащ дыгулыбгъуейдзэсхэм. Апхуэдэ Iуэхущ Iапи Iэр сэбэныщхуэ хъунут цIыхубзэр зыкIэлъыплъыну щIыкIэхэр зытет тхьылымпIэхэмрэ тхьыль цIыкIуэхэмрэ уэрамым цIыхуэхэм щыхуагуэщащ. Бзылъхугъэхэм ящыщ куэдым жаIащ апхуэдэ махуэшхуэ щыIэу зэрамыщIар, дахагъэм хуэхэа Iуэхуэхэр зэрагуапэр. Щхьэщ щыщащэ, бзылъхугъэхэм щащIэдаэ салон щIагъуэу кьуажэм зэрыдамытыр жаIащ зэрыхьэр жаIащ дыгулыбгъуейдзэсхэм. Апхуэдэ Iуэхущ Iапи Iэр сэбэныщхуэ хъунут цIыхубзэр зыкIэлъыплъыну щIыкIэхэр зытет тхьылымпIэхэмрэ тхьыль цIыкIуэхэмрэ уэрамым цIыхуэхэм щыхуагуэщащ.

**ЛОКЪУЭ Дисэ.**


**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд**

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

**Жылаев Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Мариие** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариие** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэныдж Замир, Хьэжьыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэз.**

**КъыдзыигъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр**

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ебгъуанэ, ешIапIанэ къат.

**ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.**

**КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ Iапи Iэхэм ядэлэжьымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапи Iэм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.**

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я нэжагъыкIэ ахэр зытехьэм и кIэ жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтекуэ зэныту щытхьэм.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хунтыныгъэр хьэмрэмыжьыкI Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапи Iэм №Н-0065-м щIэту ягъаш.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытредзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щIэхэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

*Мы къыдэжьыгъуэм елъэныкъэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДышэкI Сонэ, редактору ТекIуажь Зарет, корректорхэр Мыразэкъан ФатIимэ (3, 4-нэ нап.), ПхытIыкI Азэмат (1, 2-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ Дол Марин, Щомахуэ Маринэ, суэрэтхэм елъэныр Гъурыжь Мадинэ.*

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щыгъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытредзар сыхьэт 20-рэ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.820 ● Заказ №2390